**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW WA’ZIRLIGI**

## Ajiniyaz atindag’i No’kis ma’mleketlik pedagogikaliq instituti

***Ta’biyiy pa’nler fakulteti***

**Biologiya oqitiw metodikasi kafedrasi**

**5110400-Biologiyani oqitiw metodikasi ta’lim bag’dari 4a-kurs talabasi Qurbaniyazova Hurliman Jubatxanovnanin’**

# PITKERIW QA’NIYGELIK JUMISI

## Tema:Haywanlardin’ biologiyaliq ko’p tu’rliligi temasin mektep oqiwshilarina u’yretiw usillari

Ilimiy basshi: b.i.k. Atanazarov Q.M

Kafedra baslig’i: dots. O’tenova F

**NO’KIS-2016**

# MAZMUNI

Kirisiw……………………………………………………………….…3
1.BAP. Biologiyaliq ko'p tu'rlilik haqqinda uliwma tu'sinik……………………..6

1.1.O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasinin' biologiyaliq ko'p tu'rliligi obiektlerine sipatlama....……………….………………… 8
II.BAP Izzertlew obiekti ha'm usillari……………….……..………...17

III.BAP Tiykarg'i bo'lim..……………………………………………………19
3.1. Qaraqalpaqstanda haywanat a'lemin qorg'aw orinlarina sipatlama…………………….…………………………………….…...19
3.2. O'zbekistan Respublikasi haywanat a'lemi ha'r tu'rliligi ha'm qorg'aw boyinsha is-ilajlar……………………………………………………..29
3.3. Biologiyaliq ko'p tu'rlilikti qorg'awda qorg'alatug'ın ta'biyiy…..……
aymaqlardın' roli………………………………………………….……..…35
3.4. Biologiya pa'nlerinde haywanlardin' biologiyaliq ko'p tu'rliligi temasin mektep oqiwshilarina u'yretiw usillar……………..…………..49
Juwmaqlaw……………………………………………………………..53
O'mir qa'wipsizligi…………………………………………………...55
Paydalang'an a'debiyatlar…………………………………………….61

# KIRISIW

**Jumistin’ a’hmiyeti.** Biologiyaliq ha’r tu’rlilik ha’m oni qorg’aw pu’tkil du’nya ju’zlik a’hmiyetke iye ma’selelerden biri esaplanadi. A’sirese o’simlik ha’m haywanat du’niyasi ko’p tu’rliligi , olardin’ jog’alip baratirg’an tu’rlerin qorg’aw boyinsha Xaliqaraliq konventsiyalar, kelisimler du’zilgen bolip olarg’a Ozbekistan Respublikasi ha’m bul kelisim konventsiyalarg’a qosilg’an.Ha’zirgi waqıtta ta’biyiy resurslardı, sonın’ ishinde xaywanatlar du’nyasın qorg’aw, qayta tiklew ha’m ratsional paydalanıw ma’seleleri en’ aktual ma’selelerden esaplanadı. Olar O’zbekstan Respubli’asının’ Konstitutsiyasında (1992) ha’m O’zbekstan Respubli’kasının’ «Haywanatlar du’nyasın qorg’aw ha’m ratsional paydalanıw xaqqında” nızamında (1997) o’zinin’ ko’rinisin tapqan.

O’zinin’ turaqlı rawajlanıwında bioko’pturlili’k resurslarının’ a’hmiyetin moyınlag’an halda O’zbekstan 1995-jılı biologiyalıq ko’pturlili’k xaqqındag’ı xalıq – aralıq konventsiyag’a qosıldı. Konventsiya ramkasındag’ı minnetlerdi orınlaw ushın respubli’kamız «bioko’ptu’rlili’kti saqlaw boyınsha milliy strategiya ha’m ha’reketler rejesin» islep shıqtı (1998).

O’zbekistan Respublikasi ha’m biologiyaliq ko’p tu’rlilikti saqlaw boyinsha Milliy da’stu’ri islenip shig’ilg’an. Bul da’stu’r tiykarinda haywanat a’lemine sipatlamalar beriw, haywanat tu’rlerinin’ ko’p tu’rliligin qoriqxanalar a’hmiyetin mektep oqiwshilarina oqitiwdi sho’lkemlestiriw haywanlar klasi wa’killerinin’ biologiyasi, ekologiyasi, xojaliq a’hmiyetin mektep oqiwshilari sanasinda qa’liplestiriw ha’m u’git-na’siyatlaw jumistin’ a’hmiyetli ta’replerinen biri. A’sirese O’zR ha’m QR haywanat a’lemin qorg’awg’a qaratilg’an is-ilajlar ma’mleketlik ham ma’mleketlik emes, ja’miyetlik ekologiyaliq sho’lkemler jumislari oqiwshilardi bilimlendiriw ham ekologiyaliq ta’rbiyalaw, ekologiyaliq sanasinin’ rawajlandiriwinda a’hmiyetli waziypalardan biri esaplanadi.

Prezidentimiz I.A.Karimov o`zinin` «O’zbekistan g`a`rezsizlik astanasinda» atli kitabinda: «Biz respublikamizda 1500 iri o`ndiris birlespesi ha`m ka`rxanasi

islep turg`ani, revolyutsiyadan aldin bir jil  dawaminda alinatug`in mug`dardag'i elektr energiyasin ha`zirde to`rt ku`nde islep shig`arilip atirg`anlig`i haqqinda takrarlaytug`in edik. Biz gaz qazip aliw boyinsha ma`mlekette to`rtinshi orinda turamiz. Awil xojalig'imiz mamlekettegi paxtanin` u'shten eki bo`legin, qarako`l terinin' u'shten bir bo`limin, pillenin' 60 % ziyatin, ko'p mug`dardag'i kenap, miywe, ju'zim, ovosh ha`m paliz o`nimlerin jetkerip bermekte. Min` kisi esabina tuwra keletug`in student sani boyinsha O'zbekstan rawajlang`an ma`mleketlerden alding`i  qatarda turadi»–dep jazg`an. Bul awil xojalig`i ha`m sanaatdag'i jetiskenliklerimiz bilimlendiriw salsindag`i reformalar tiykarinda ekenligin ko`rsete otirip, ha`r qanday jan`aliq ba`rinende burin bilimlendiriw salasinda sa`wleleniwi kerek dep belgilegen.

İnsaniyat payda bolg'an waqıttan baslap-aq o'zin qorshag'an ta'biyat resrusları esabınan tirishilik etip kelmekte. Azıq-awqat, suw, kiyim-kenshek, da'ri-da'rmaqlar, turaq jay — bulardın' ha'mmesin a'yyemgi zamanlardan baslap bu'gingi ku'nge shekem biz ta'biyat resurslarınan, birinshi gezekte o'simlikler ha'm haywanatlardı, mikroorganizmlerdi paydalanıw esabınan, yag'nıy biologiyalıq ko'p tu'rlilik esabınan alıp kelmektemiz.

Bul pitkeriw qa'niygelik jumistin' tiykarg'i maqseti-O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan haywanlar a'leminin' biologiyaliq ko'p tu'rliligi temasin mektep oqiwshilarina u'yretiw usillari.

Waziypalari:

Biologiyaliq ko'p tu'rlilik haqqinda sipatlama

O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan biologiyaliq ko'p tu'rliligi obiektleri boyinsha mag'liwmatlar toplaw.

Qaraqalpaqstanda haywanat a'lemin qorg'aw orinlarina sipatlama

O'zbekistan Respublikasi haywanat a'lemi ha'r tu'rliligi  ha'm qorg'aw boyinsha is-ilajlar.

Biologiyalıq ko'p tu'rlilikti qorg'awda qorg'alatug'ın ta'biyg'ıy aymaqlardın' roline sipatlama beriw.

Biologiya pa’nlerinde haywanlardin’ biologiyaliq ko’p tu’rliligi temasin mektep oqiwshilarina u’yretiw usillari.

Pitkeriw qa’niygelik jumis temasinin’ aktuallig’i ha’zirgi waaqıtta elimizdin’ haywanatlar bioko’ptu’rliligin qorg’awdan ha’m bul boyinsha mag’liwmatlardi keleshek awladqa jetkerip beriwden ibarat.

## 1.BAP. BIOLOGIYALIQ KO’P TU’RLILIK HAQQINDA ULIWMA TU’SINIK

**«Bioko’ptu’rlili’k»** ko’binese «biologiyalıq ko’p tu’rlili’k» termininin’ qısqasha forması sıpatında qollanıladı. A’dette biologiyalıq ko’p tu’rlili’k u’sh da’rejede: genetikalıq, tu’rli’k ha’m ekosistemalıq da’rejede qollanıladı. Tu’rlerdin’ ha’r qıylılıg’ı konkret aymaqlarda ha’r qıylı tu’rler sanın ha’m ha’r qıylı tu’r osoblarının’ ushırasıw jiyiligin sa’wlelendiredi. Genetikalıq ko’p tu’rlili’k planetamızda tirishili’q etiwshi barlıq tiri organizmlerdin’ genlerinde saqlang’an na’silden na’silge beriletug’ın mag’lıwmatlardın’ tolıq ko’lemin an’latadı. Ekosistemalı (landshaftlı) ko’p tu’rlili’k ha’r qıylı jasaw orınlarının’ ja’mleniwinen payda boladı.

Biologiyalıq ko’p tu’rlili’k ne ushın a’hmiyetli ha’m eger ma’mleket biologiyalıq ko’p tu’rlili’kti saqlap qalıw boyınsha nızamlar qabıl etip, milliy strategiya ha’m ha’reket etiw rejelerin islep shıqsa, ol bizge ne beredi? Hesh bir iri siyasiy aktsiya ekologiyalıq mashqalalardı sheshiw ha’m biologiyalıq ko’p tu’rlili’kti saqlaw ma’selesin shetlep o’te almaydı (deputatlıqqa talabanlardın’ saylaw aldı shıg’ıp so’ylewlerin eske alayıq). Biologiyalıq ko’p tu’rlili’k ma’selesi global ko’lemde en jaymaqta, sebebi onda ekonomikalıq, ilimiy ha’m sotsiallıq mashqalalar bir-biri menen tıg’ız baylanısıp ketken.

Bioko’ptu’rlili’kti saqlap qalıw ushın tu’rlerdin’ ta’biyg’ıy tirishili’k etiw sharayatların saqlap qalıw za’ru’r. Ko’p tu’rlili’kte ha’r bir tu’rdin’ o’z u’lesi bar — usı ko’z qarastan alg’anda paydasız ha’m zıyanlı tu’rlerdin’ o’zi joq. Ha’r bir tiri organizm yamasa biologiyalıq tu’r ekosistemanın’ bir pu’tin turaqlılıg’ın ta’miyinlep, o’zinin’ belgili rolin atqaradı. Tilekke qarsı, insan ju’z beriwi mu’mkin bolg’an aqıbetlerdin’ barlıg’ın esapqa almastan, ko’binese ta’biyg’ıy protsessler barısın buzadı, ta’biyat turmısına aralasadı, al bunday aqıbetler og’ada ayanıshlı ja’ne apatlı boladı.

Milliy strategiyag'a muwapıq en' aktual ma'selelerdin' biri – bul O'zbekstannın' Qızıl kitabına kirgen siyrek xaywanlardı qorg'aw ha'm qayta tiklew bolıp tabıladı.

A'debiy mag'lıwmatlarg'a qarag'anda Qaraqalpaqstan Respubli'kası aymag'ında omırtqalı haywanlardın' 463 tu'ri esapqa alıng'an, sonın' ishinde:

- su't emiziwshiler – 68 tu'r, quslar – 317, sonın' ishinde uya salıwshılar – 141, qıslaytug'ınlar -20, ushıp o'tiwshiler - 156, jer bawırlawshılar - 33, jer-suw haywanları - 2, balıqlar – 43 tu'r.

Qaraqalpaqstan omırtqasız haywanlarının' ulıwmalastırılg'an dizimi joq. Bul boyınsha mag'lıwmatlar ayırım taksonlar ha'm biotopler boyınsha biriktirilgen. Omırtqasızlardın' ko'p tu'rliligi shama menen 3500 tu'rden aslam dep belgilenedi. En' u'lken ko'p tu'rlili'k ja'nli'klerge tiyisli – 23 otryadqa tiyisli 1392 tu'r.

Qaraqalpaqstan omırtqalı haywanlarının' tu'r quramı keyingi on jıllıqlarda sezilerli o'zgeriske ushıradı. Jer u'sti haywanları tu'rlerinin' a'dewir bo'liminin' sanı og'ada azayıp, a'zzi, siyrek ushırasatug'ın yamasa jog'alıp baratırg'an tu'rler qatarına kirdi.

O'z waqtında Qaraqalpaqstannın' 24 tu'rli su't emiziwshisi, 60 tu'rli qusları ha'm 14 tu'rli balıqları an' awlaw obekti bolg'an bolsa, biraq bu'ginge kelip olardın' ko'pshiligi jog'alıp ketti yamasa sanı qısqarıp, an'shılıq a'hmiyetin jog'alttı.

## 1.1. O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI HA’M QARAQALPAQSTAN BIOLOGIYALIQ KO’P TU’RLILIGI OBIEKTLERINE SIPATLAMA

O`zbekstan Respubli’kasında ayrıqsha qorg`alatiug`in aymaqlardin` uliwma maydani 1355,6 min` ga. Olarg’a qorıqxanalar, tabiyiy ha`m milliy bag`lar, tabiyiy buyiritpaxanalari, tabiyiy esteli’kleri kiredi. Sirt ellerde basqa ko`rinisleri de bar (Milliy bag`lar).

Ma`mleketlik qorıqxanalar ma`mleket qarari tiykarinda sho`lkemlestiriledi. Qoriqxana aymag`indag`i ha`mme narseler ha`m maydanlar xojaliq paydalaniwinan shig`ariladi ha`m ma`mleket ta`repinen qarji menen ta`miynlenedi.

Qorıqxana - Jer sharinin` ayrim jerlerinin` tabiyiy komponentlerin tabiyiy halinda saqlap qaliw ushin ajratilg`an maydanlar esaplanadi.

Qorıqxanalar sho`lkemlestiriw joli menen belgili tabiyiy uchastkalar ha`m ol jerdegi ha`mme tabiyiy komponentler (ajayip relef tu’rleri, taw jinslarinin` jer betine shig`ip, ashilip qalg`an orinlar, ashilip qalg`an minerallar, ajayip un`gir, bulaq, geyzer ha`m ko`ller, o`simli’qler ha`m haywanat dun`yasi) tabiyiy halda saqlap qalinadi. Demek, qaysi da bir geografik u’lke yamasa geografik region ushin xarakterli bolg’an orinlar yamasa tabiyiy komponentlari ilmiy jaqtan, ekanomikaliq ha`mde ma’deniy jaqtan qimbatli bolg`an, tabiyg`iy jag’dayi jaqsi saqlang’an aymaqlar qoriqxanalar ushin ajiratiladi. Bul jaylardin` tabiyg`iyi xaliq baylig’i sipatinda ma`ngilik saqlanadi. Natiyjede, keleshek awlad usi qoriqxanalar arqali sho`listan ha`m sahra yaki tayga tog’aylari ha`m taw landshaftlari tabiyiy halda qanday bolg’anlig’i haqqinda toliq mag`lumatqa iye boladi.

Respublikada 9 qoriqxana bar, olardin` uliwma maydani — 209607,3 ga. Milliy tabiyg’iy bag’lar belgili bir maqsetler ushin paydalaniwga bag`darlang’an boliwlari mu’mkin. Aymaqti qorg`aw ha`m paydalaniw sol jerdin` o`zine ta`n rejimine tiykarlanadi. Milliy tabiyiy baqlar biologiyaliq ko`p tu’rlili’kti saqlaw ha`m tabiyattan paydalaniwdin` aqilg’a ug’raslig`ina ha`m qadag`alap bariliwina tayanadi. Respubli’kada 3 milliy tabiyiy baq sho`lkemlestirilgen. Tabiyiy buyirtpaxanalari respublika ha`m jergilikli kategoriyalarg’a bo`linedi. Ma`mleket




1-su’wret. O’zbekstan qorıqxanaları

tabiyg`iy buyirtpaxanalari xojaliq ju’rgiziwden toliq ajratilmaydi, biraq aymaqtag’i xojaliq ju’rgiziwshi subektler ornatilg’an ta’rtibin saqlawlari lazim. Buyirtpaxanalar ma`ngili’k bolmaslig`i mu’mkin. Olar ayrim haywan ha`m o`simli’k tu’rlerin qorg`aw ushin sho`lkemlestiriledi. Respublikada sho`lkemlestirilgen usinday 11 buyirtpaxanalardin` uliwma maydani — 1716200 ga. Olardin` sho`lkemlestiriliw mu’ddeti sheksiz, ma`lum mu’ddetli — 5 ha`m onnan ko`p yaki 5 jildan kem mu’ddetli boliwlari mu’mkin.

Tabiyg`iy esteli’kler jerden paydalaniwshilardan alinag’an halda sho`lkemlestiriledi. Tabiyg`iy esteli’klerdi qorg`aw sol aymaqtag`i sho`lkem juwapkershiliginde boladi. Tabiyg`iy esteli’kler tabiyg`iy halda payda bolg`an ekologik, ilimiy, estetik, ma`deniy jaqtan ajayip takrarlanbay (noyob) tabiyg`iy obektler esaplanadi. Olar jaylasqan aymaq islep shig`ariw iqtiyarinda bolsa da, esteli’klerdi saqlawg`a bolg’an ha`r qanday qa`wip-qa`ter qadag`an etiledi. Respubli’kada bunday tabiyg`iy esteli’kler ko`p. Olardin` uliwma maydani onshelli ulken emes — 3381,5 ga.

Ha’zirgi waqıtta Qaraqalpaqstandag’ı Baday tog’ay qorıqxanasının’ ornına 2011jil O`zbekstan Respublikasi Ministrler Kabineti qarari menen

Respublikamizda birinshi A`mudar`yanin` to`mengi ag’iminda biosferaliq rezervat sho`lkemlestirildi. Bul rezervat Birlesken milletler sho`lkemi (BMSh) bag’darlamasi boyinsha 2006-2011jj. «Qaraqalpaqstannin` A`mudar`ya deltasindag`i tog`aylardi saqlap qaliw ha`m qorg’alatug`in aymaqlar sistemasin bekkemlew» joybarina tiykarlang’an. Rezervattin` qorg`alatug`in yadrosi (o`zegi) Baday tog`ay qoriqxanasi bolip, oni qorshag`an bufer ha`m ekonomikaliq zonalardin`da jergili’kli turg`inlarinin` sotsial-ekomikaliq rawajlaniwlarida diqqat orayinda bolip, olarg`a milliy u’rip-a`detlerine say alternativ xojaliq jumislari, energiya aliwdin` ta`biyatqa ziyansiz jan`asha usillari h.t.b. ekologiyaliq bilimlendiriw joli menen usiniladi.

Tu’rler ko’p tu’rliligi bizin’ planetamızdag’ı haywanatlar menen o’simli’klerdin’ barlıq tu’rlerin o’z ishine aladı. Haywanatlar menen o’simlikler barlıq jerde: okeanlarda, da’ryalarda, ko’llerde, qurg’aqlıqta, topıraqta ha’r-qıylı tu’rlilikte ushırasadı: ju’da’ kishkene vodorosller menen omırtqasız haywanlardan baslap ba’lentligi 100 metrden asatug’ın u’lken ag’ashlar menen tu’ye ha’m pil sıyaqlı iri haywanlarg’a shekem.

Tu’rler ko’p tu’rliligi jer betinde tirishilik etetug’ın tu’rlerdin’ barlıg’ın o’z ishine aladı. Ol konkret aymaqlarda ha’r qıylı tu’rlerdin’ sanın ha’m ha’r-qıylı tu’r osoblarının’ ushırasıw jiyiligin sa’wlelendiredi. Tu’r— bul real bar bolg’an biologiyalıq birlik bolıp, kelip shıg’ıwı jag’ınan o’z-ara birlesken osoblardın’ jıyındısı bolıp, olardın’ arasında erkin shag’ılısıw ha’m na’sillik material almasıw ju’z beredi.




2-su’wret. Tu’rlik ko’ptu’rlilik

Bir tu’rdin’ osobları populyatsiyanı payda etedi. Ha’r bir tu’rge o’zinin’ jasaw aymag’ı (areal) ta’n. Belgili bir aymaqta birgelikte tirishilik etetug’ın ha’m o’z-ara baylanısta bolg’an ha’r qıylı tu’rler biologiyalıq birlesikti payda etedi.

O’zbekstan biologiyalıq ko’p tu’rliligin saqlaw boyınsha Milliy strategiya ha’m Ha’reket rejesinin’ mag’lıwmatlarına qarag’anda (1998), O’zbekstandag’ı biologiyalıq ko’p tu’rlilik 27 000 nan aslam tu’rlerden ibarat. Olardın’ ishinde haywanatlardın’ 15 000 nan aslam tu’ri, al osimlikler, zamarrıqlar ha’m vodorosllerdin’ 11000 g’a shamalas tu’rleri bar.

Omırtqasızlar ishinde buwın ayaqlılar en’ u’lken topardı quraydı. Tu’rlerdin’ tiykarg’ı sanı 400 den 3000 g’a shekemgi ha’r qıylı tu’rlerdi o’z ishine alatug’ın 7 tiykarg’ı otryadqa iye nasekomalarg’a tuwra keledi (1-keste).

1- keste

Buwınayaqlılardın’ tiykarg’ı taksonomiyalıq toparlarının’

tu’rlik ko’p tu’rliligi

| Klasslar/otryadlar | Barlıq tu’rler | Buwınayaqlılardın’ ulıwma sanınan % esabında |
|---|---|---|
| O’rmekshi ta’rizliler | 800 | 7,0 |
| Nasekomalar: | | |
| Tuwrı qanatlılar | 400 | 3,5 |
| Ten’ qanatlı uzın tumsıqlılar | 900 | 7,9 |
| Yarım qattı qanatlılar | 700 | 6,2 |
| Qattı qanatlılar | 3000 | 26,5 |
| Qabırshaq qanatlılar | 1500 | 13,3 |
| Perde qanatlılar | 1500 | 13,3 |
| Eki qanatlılar | 1200 | 10,6 |

Omırtqalı haywanlardın’ 664 tu’rden ibarat 5 klassı bar (3-keste).

2-keste

Omırtqalı haywanlardın’ ko’p tu’rliliginin’ salıstırma

sıpatlaması

| Klasslar | Du’nya ju’zinde | G’MDA ellerinde | O’zbekstanda | Qaraqalpaqstanda |
|---|---|---|---|---|
| Balıqlar | 22000 | 500 | 83 | 43 |
| Jer-suw haywanları | 2300 | 34 | 3 | 2 |
| Jer bawırlawshılar | 6750 | 147 | 59 | 33 |
| Quslar | 9672 | 764 | 424 | 317 |
| Su’t emiziwshiler | 4327 | 332 | 97 | 68 |

O’zbekstan shıg’ısı jag’ınan Orta Aziyag’a tiyisli haywanlardın’ endemik tu’rleri tirishili’q etetug’ın a’hmiyetli aymaq bolıp esaplanadı. Geypara tu’rler en’ da’slep A’miwda’rya menen Sırda’rya aralıg’ında payda bolıp, rawajlang’an ha’m

Oraylıq Aziyanın’ basqa aymaqlarına tarqalg’an. O’zbekstan ha’m Oraylıq Aziyada endemikler[1][1] kompleksin quraytug’ın omırtqalı haywanlardın’ 53 tu’ri ha’m kishi tu’ri belgili. Balıqlar arasında endemiz da’rejesi 52% ke jetedi.

3-keste

Ekosistemalar boyınsha omırtqalı haywanlar tu’rlerinin’ bo’listiriliwi

| | Sho’ller | Da’ryalar (jag’alıq) | İshki suw saqlag’ıshlar | Taw-orman |
|---|---|---|---|---|
| Ekosistemalar boyınsha tu’rlerdin’ sanı | | | | |
| Su’t emiziwshiler | | | | |
| Barlıg’ı | 57 | 22 | 10 | 57 |
| Siyrek ushırasatug’ın | 12 | 2 | - | 14 |
| % | 21,0 | 9,0 | - | 24,5 |
| Endemikler | 9 | 1 | - | 5 |
| % | 15,7 | 4,5 | - | 8,7 |
| Quslar | | | | |
| Barlıg’ı | >28,0 | >20,0 | >17,0 | >21,0 |
| Siyrek ushırasatug’ın | 22 | 21 | 22 | 24 |
| % | 7,8 | 10,5 | 12,9 | 11,4 |
| Endemikler | 1 | 5 | 3 | 1 |
| % | 0,3 | 2,5 | 1,7 | 0,4 |
| Jer bawırlawshılar ha’m amfibiyalar | | | | |
| Barlıg’ı | 33 | 12 | 6 | 27 |
| Siyrek ushırasatug’ın | 8 | 1 | - | 1 |
| % | 24,2 | 8,3 | - | 3,7 |
| Endemikler | 23+kishi tu’rler | - | - | 7+kishi tu’rler |
| % | 69,9 | - | - | 25,9 |
| Balıqlar | | | | |
| Barlıg’ı | - | 56 | 56 | 15 |
| Siyrek ushırasatug’ın | | 8 | 8 | 1 |
| % | - | 14,3 | 14,3 | 6,6 |
| Endemikler | - | 33 | 30 | 4 |
| % | - | 59,0 | 53,5 | 26,6 |

Gen — bul organizmnin’ qanday da bir elementar belgisinin’ qa’liplesiwine

[1][1] Эндемиклер — бул биологиялық таксонлар (туўыслар, түрлер, киши түрлер) болып, олардың ўәкиллери салыстырмалы шекленген аймақта тиришилик етеди

juwap beretug'ın na'sillik materialdın' birligi bolıp esaplanadı. Barlıq genlerdin' jıyındısı tu'r wa'kilinin' genotipin ha'm populyatsiya menen tu'rdin' genofondın quraydı. Tu'rlerdin' genetikalıq ha'r tu'rliliginin' pu'tkil ko'lemi planetamızdın' genofondın quraydı.

Genetikalıq ha'r tu'rlilik Jer ju'zinde tirishilik etetug'ın barlıq tiri organizmlerdin' genlerindegi na'sillik mag'lıwmatlardın' pu'tkil ko'leminen ibarat boladı. Genetikalıq ko'p tu'rlilik ha'm tu'rler arasındag'ı, ha'm tu'r ishindegi ayırmashılıqlarda ko'rinedi. Tu'r ishindegi genetikalıq ko'p tu'rlilikke mısal etip iytlerdin' ko'p sanlı porodaların, pıshıqlardın' ren'lerinin' ha'r qıylı bolıwın ha'm t.b. keltiriw mu'mkin. Birden bir tu'r bolıp esaplanatug'ın adamlar terisinin', ko'zinin' ha'm shashlarının' ren'i, dene du'zilisi ha'm organizmnin' genetikalıq tiykarın ko'rsetetug'ın basqa da  belgileri menen bir-birinen ajıralıp turadı.

Genetikalıq ko'p tu'rlilik ha'r qanday haywanat ha'm o'simlik tu'rinin' tirishilik etiwi ushın og'ada a'hmiyetli bolıp esaplanadı.. A'yne usı ko'p tu'rlilik jabayı ha'm qolda o'siriletug'ın tu'rlerdin' qorshag'an ortalıqtın' ha'r tu'rli ta'sirlerine: hawa rayı sharayatlarına, zıyankeslerge ha'm keselliklerge, texnologiyalıq usıllarg'a beyimlese alıwının' shegaraların ha'm olardın' adamlar talaplarına ja'ne abzallıqlarına sa'ykes keliwin belgilep beredi. Haywanatlar menen o'simliklerdin' genetikalıq ko'p tu'rliligi a'sirese ha'zirgi zaman awıl xojalıq eginleri tu'rlerin qollap-quwatlaw ha'm jaqsılaw boyınsha selektsiyalıq bag'darlamalar u'stinde islep atırg'anlar ushın og'ada bahalı bolıp, ju'da' bahalı ta'biyg'ıy resurs bolıp esaplanadı. Ma'selen, du'nya ju'zine belgili genetik N.İ.Vavilov ma'deniy o'simliklerdin' kelip shıg'ıw dereklerin u'yreniw ha'm saqlap qalıw ushın 1920-jılları du'nya ju'zi boylap 180 nen aslam ekspeditsiyalar sho'lkemlestirdi ha'm olardın' na'tiyjesinde ha'r qıylı awıl xojalıq o'simliklerinin' ha'm olardın' tu'p-dereginin' ja'ha'ndegi en' iri unikal kollektsiyası toplandı.

Genetikalıq resurslar Jer ju'zindegi biologiyalıq ko'p tu'rliliktin' bir bo'legi sıpatında u'lken a'hmiyetke iye. «Genetikalıq resurslar» terminin adamlardın' talapların qanaatlandırıwda sheshiwshi rol oynaytug'ın genetikalıq ko'p tu'rlilik dep sıpatlaw mu'mkin. Genetikalıq resurslar jabayı ha'm qolg'a u'yretilgen

tu’rlerden quraladı. Genetikalıq resurslar jan’a o’nimlerdi ha’m ha’zirgi waqıtta qollanılıp atırg’an bahalı o’nimlerdi islep shıg’arıw ushın qollanıladı. Tu’rlerdin’ ha’m olardan alınatug’ın tirishilik ushın za’ru’r o’nimler tu’rlerinin’ ko’pligi awıl xojalıg’ı menen tog’ay xojalıg’ın aytpag’annın’ o’zinde, meditsinalıq ha’m basqa izertlewler ushın og’ada za’ru’r.




3-su’wret. Genetikalıq ko’ptu’rlilik.

O’z gezeginde qorshag’an ortalıqtın’ ta’siri na’tiyjesinde ju’z bergen genetikalıq o’zgerisler onın’ jag’dayın anıqlaw ushın qollanılıwı mu’mkin.

Ma’deniy o’simlikler menen u’y haywanlarının’ genetikalıq ko’p tu’rliligi, yag’nıy azıq-awqat o’nimlerin islep shıg’arıw ha’m awıl xojalıg’ı menen baylanıslı bioko’ptu’rlilik komponentlerinin’ barlıg’ı «**agrobioko’ptu’rlilik**» dep ataladı.

Jer ju’zinde awıl xojalıg’ı ja’ha’ndegi pu’tkil biologiyalıq ko’p tu’rliliktin’ og’ada az bo’legine g’ana tiykarlanadı. Bunnan tısqarı, insanlar ta’repinen tabılg’an ha’m awıl xojalıq maqsetlerinde paydalanılatug’ın haywanatlar menen o’simliklerdin’ genetikalıq ko’p tu’rliligi kemeyip ketti. Bunın’ sebebi, waqıtsha bir talaplar menen konkret sharayatlarg’a en’ jaqsı juwap beretug’ın belgiler selektsiyasına itibar berip, basqa belgilerdi na’zerden tıs qaldırıw sıyaqlı tariyxıy qollanılıp kiyatırg’an ko’beytiw usılları bolıp esaplanadı. O’tmishte da’stu’rli awıl xojalıq eginleri menen haywanlar porodalarının’ a’hmiyetliligine jeterli baha berilmewi olardın’ ornına akklimatizatsiyalang’an ekzotikalıq tu’rlerdin’ ken’

tarqalıwına, da’stu’rli tu’rlerdin’ qısqarıwına ha’m jog’alıp ketiw qa’wpi astında qalıwına alıp keldi. Bu’gingi ku’nde o’simliklerdin’ tek 22 tu’ri g’ana (220000 tu’rden) insaniyat azıq-awqat ratsionının’ 90% ten aslamın quraydı.

Genetikalıq resurslar sistemasız shag’ılıstırıwlar, selektsiya strategiyası ha’m bag’darlamalarının’ joqlıg’ı, jasalma tan’lawdın’ u’stin bolıwı, ta’biyg’ıy ha’m sotsiallıq kataklizmler, bazar konyunkturası sebepli ha’r qashan da qısqarıp ketiw qa’wpi astında qalmaqta. Genofondqa o’ndiristin’ jedellesiwi, porodalardı o’nimli tu’rleri menen almastırıw, jasalma tuxımlandırıwdın’ ken’ qollanılıwı ha’m embrionlar transplantatsiyası sıyaqlı faktorlar da ta’sir etedi. Bul protsessler populyatsiya ishindegi ko’p tu’rlilikti ha’m genetikalıq o’zgeriwshen’lik shegaraların azaytadı.

Qaraqalpaqstanda qarako’lshilik bag’darındag’ı qoyshılıq ta rawajlang’an. Qoylardın’ qarako’l porodası du’nya ju’zindegi en’ jaqsı qozı terisin beredi. Qarako’l terisine talap og’ada ku’shli. Qoylardın’ qarako’l porodası o’zinin’ ren’i, nag’ısları, terilik ha’m du’zilis o’zgesheliklerine qarap ju’da’ ko’p tu’rliligi menen sıpatlanadı. Qarako’l qoyları qara, ku’lren’, sur ha’m basqa da (aq, qızg’ılt, qon’ır) ren’lerde boladı. Sur ren’li qoylardın’ u’sh porodalıq tu’ri shıg’arılg’an — buxara, qaraqalpaq ha’m surxanda’rya qarako’l qoyları. Juplardı tan’law arqalı belgili ren’degi ha’m sapadag’ı qozı terisi alınadı. Qosımsha alınatug’ın bahalı o’nim uljumır bolıp esaplanadı. Qarako’lshilikte tuwılg’an qozılardın’ 40% ha’m onnan da ko’bireginen teri alınadı. Qozısız qalg’an sawlıqlardan su’t sawıp alıw mu’mkin (laktatsiya dawamında ha’r bir bastan 25-30 kg).

## II.BAP. IZZERTLEW OBIEKTI HA’M USILLARI

Ta`biyati qorg`awg`a arnalg`an aymaqlar jumislarinin` ekologiyaliq ta`lim tarbiya beriw protsessindegi a`hmietine, RespubliKamiz qoriqxanalarinda alip barilip atirg`an ilimiy jumislar ha`m olardin` jaslarg`a ekologiyaliq ta`lim ta`rbiya beriwdegi ahmiyetine de diqqat awdarildi. Sonday-aq O`zbekistan RespubliKasi Ma`mleketlik ta`biyatti qorgaw komiteti Internet sayti qoriqxanalar haqqindag`i materiallari ha`m olardin` ekologiyaliq ta`lim ta`rbiya beriwdegi ahmiyetine itibar qaratildi.

Ta`biyatti qorg`awdin` teoriyaliq tiykarlari boyinsha ilimiy a`debiyatlardan bir qansha mag`lumatlar toplandi (Baxiev,1994; Ergashev, 2003; Chernova, Bilova, 1988, Tuxtaev, 1998 Voronkov, 1999; Odum, 1975). Usinday materiallar izertlew barisinda oqiwshilarg’a o’z betinshe u’yreniw ushin usnis etildi.

Metodikaliq jaqtan bul tu’siniklerdi o`zlestiriw o`zgeshelikleri ilmiy-metodikaliq adebiyatlarda az ushrasadi ha`m bul ma’selege arnawli metodikaliq qollanbalar jaratilmag’an. Sonliqtan da jan’a jaqing`a shekem dawam etip kelingen uliwma orta mekteplerdin’ 10-11 klass oqiwshilarina arnawli tu’rde oqitilatug’in «Uliuma biologiya» kursinin’ oqitiw metodikasina tiyisli adebiyatlardan paydalaniw mu’mkinshiligine iyemiz. A`sirese belgili metodist alimlar N.M. Verzilin, V.M. Korsunskaya (1972) ha`m Shefer I.F., B.E.Matchanov (2005) miynetlerin bul ma’selege qisqasha mag’lumatlar tabiw mu’mkin.

Ayriqsha qorg`alatug`in aymaqlar temasi boyinsha sabaqti zaman talabina say, pedagogikali’q texnologiyalar tiykarinda sho’lkemlestiriw maseleleri de tiykarg’i waziypalardin’ biri bolg’anliqtan ko’plegen ta’jriybeli pedagoglardin’, a’sirese biologiyani oqitiwda jan’a pedagogikaliq texnologiyalardi qollaniwg’a tiyisli a’debiyatlar qarap shig’ildi (Tolipova, Gofurov ,2002; Tolipova, 2004).

Qorg`alatug`in aymaqlarg`a tiyisli ilimiy mag’lumatlar ko’plegen derekler boyinsha toplanildi ha`m olardi oqiwshilardin’ o’zlestirip aliwlari ushin qolaylastirip, qayta islewge, zaman talabina say sabaq protsessin sho’lkemlestiriw

ushin onin’ jan’asha rejelerin islep shig’iw, sabaq modelin ha`m texnologiyaliq kartasin islep shigiwda Bekmurodov A.Sh., Golish L.V. ha`m t.b., (2006) metodikaliq ko’rsetpeleri bashiliqqa alindi.

Belgili ekolog Yu.Odum (1975) rus tilindegi audarmasinan paydalanip, ekosistemalardi izerlewdegi to’mendegi bag’darlar u’yrenildi:

Foyn ha`m Djeyn (Foin, Jain,1977) miynetlerinde populyatsiyali’q biologiya ha`m birlesiklerdi u’yrenetug’in ilimler uliwmalastirilip to`mendegi izertlew metodlari usınılg`an..

Solay eken Respublikamizdag`i ayriqsha qorg`alatug`in aymaqlar olardin` maqseti, waziypalari haqqindag`i tu’siniklerdi o`zlestiriwdi metodikaliq jaqtan qayta qarap shig`iw ha`m olardi pedagogikaliq texnologiyalar tiykarinda oqitiwdi jolg`a qoyiw hazirgi ku’nnin’ en’ aktual ma’selelerdin biri dep qarawg`a boladi.

# III. TIYKARG'I BO'LIM

## 3.1.BAP. QARAQALPAQSTANDA HAYWANAT A'LEMIN QORG'AW ORINLARINA SIPATLAMA

A'miwda'rya menen Sırda'ryanın' suw resursların suwg'arıp egiletug'ın diyxanshılıq ushın basseyn ishinde qayta bo'listiriw Aral ten'izinin' jog'alıp ketiwine ha'm Aral boyı aymag'ındag'ı suw ha'm jer u'sti ekosistemalarının' g'alaba degradatsiyasın keltirip shıg'ardı. Suw resurslarının' jetispewshiligi ha'm gidrorejimnin' buzılıwı sho'lge aylanıw, topıraqlardın' duzlanıwı ha'm batpaqlasıw protsesslerinin' tezelesiwine, qurg'aqlıqtın' o'simliK qaplamının' degradatsiyasına alıp keldi.

O'zbekstan aymag'ının' 85% ke shamalası sho'l ha'm yarım sho'l maydanlardan ibarat. Bunnan tısqarı, Aral ten'izinin' qurıp qalg'an tu'binde payda bolıp atırg'an jan'a sho'l Aralqum esabınan bunday maydanlar ja'ne de ken'eyip barmaqta. Suwg'arıp egiletug'ın diyxanshılıqta izey suwlardı nadurıs qashırıw, tog'aylar ornında jer ashıw, ag'ash putalardı otın ushın shawıp alıw, topıraq penen suwdı pestitsidler ha'm basqa da ximiyalıq zatlar menen pataslaw da topıraqtın' shorlanıwına ha'm batpaqlanıwına jag'day jaratadı. Bulardın' ha'mmesi landshaftlar menen haywanatlar jasaytug'ın orınlardın' buzılıwına alıp keldi, al bul o'z gezeginde ko'p tu'rlili'q quramının' o'zgeriwin, haywanatlar arealı shegaralarının' o'zgeriwin, fauna komplekslerinin' almasıwın ha'm sanının' kemeyip ketiwin keltirip shıg'ardı. Tu'rlerdin' antropogen faktorlardın' keri ta'sirine reaktsiyası birdey emes: tu'rlerdin' bir bo'legi jog'alıp ketti, basqaları bolsa az sanlı bo'lek populyatsiyalar tu'rinde burıng'ı areal shegaralarında saqlanıp qalg'an biotoplarda tiri qaldı yamasa jan'a sharayatlarg'a beyimlesti.

Ulıwma alg'anda, Qaraqalpaqstandag'ı omırtqalı haywanlardın' tu'r quramı a'dewir o'zgeriske ushıradı. O'tken a'sirdin' baslarında qulan, al 1930-jıllarda ala giena jog'alıp ketti. A'miwda'ryanın' quyar jerlerinde jolbarıs jasag'an edi (son'g'ı ret ol 1953-jılı ushırasqan). Bu'gingi ku'nde Aral boyının' qubla-shıg'ıs zonası aymag'ında usı tu'rdi qayta tiklew ushın qorıqxana du'ziw ma'selesi ko'terilmekte.

Qaraqalpaqstanda Aziya gepardı son’g’ı ma’rte 1969-jılı ushırasqan (A’seke-Awdan jaqınında 2 osob). Biraq jergili’qli xalıq son’g’ı on jıllıqlarda gepardtı ushıratqanı haqqında mag’lıwmat bermekte. U’stirt qoshqarı da (muflon) tolıg’ı menen jog’alıp ketiw aldında, onın’ arealı U’stirttin’ qubla ta’repindegi chinkler ha’m teren’ shuqırlıqlar menen shegaralang’an. Burınları ol U’stirttin’ shıg’ıs chinklerinde, Aral ten’izi jag’alarındag’ı Aqtumsıqta da jasag’an.

O’simliK ha’m haywanat du’nyası quramındag’ı ha’m resurslarındag’ı o’zgerisler tikkeley ha’m qosımsha antropogen faktorlar menen belgilenedi.

Haywanatlar menen o’simlikler populyatsiyasın tikkeley nabıt etiw olardı ha’dden tısqarı awlaw, brakonerli’k; awıl ha’m tog’ay xojalıg’ında jabayı sho’pler ziyankesler menen parıqsız gu’resiw, sonın’ ishinde za’ha’rli ximikatlardan paydalanıw; injenerlik qurılmalarda haywanlardın’ nabıt bolıwı; qa’wipli ha’m zıyanlı dep esaplang’an haywanlar menen o’simliklerdi adamlardın’ joq qılıwı yamasa jasırın jıynawı na’tiyjesinde ju’z beredi. Ta’biyat ekosistemalarının’ degradatsiyası ha’m joq qılınıwı olardı awıl xojalıg’ı ushın egis maydanlarına aylandırıw; tog’ay xojalıg’ın biologiyalıq ko’p tu’rliliktin’ azayıwına alıp keletug’ın nadurıs metodlar menen ju’rgiziw; gidroqurılıs, suw saqlag’ıshlar qurıw, da’ryalardın’ gidrejimin o’zgertiw; ha’r qıylı qurılıslar menen paydalı qazılmalardı qazıp alıw; topıraqtın’ batpaqlanıwı ha’m shorlanıwı na’tiyjesinde ju’zege keledi.

Qosımsha ta’sir da’ryalardın’, sonın’ ishinde A’miwda’ryanın’ ag’ısın diyxanshılıq ushın retlestiriw ha’m ha’dden tısqarı ko’p alıw, jer u’sti suwların kollektor-drenaj shıg’ındıları (gerbitsidler, pestitsidler, ximiyalıq to’ginler) menen pataslaw, topıraqtın’ shorlanıwı, ulıwma alg’anda, ekosistemalardın’ degradatsiyası na’tiyjesinde payda boladı. Biologiyalıq ta’sir ta’biyg’ıy biotsenozlar du’zilisinin’ buzılıwında, haywanlardın’ zıyanlı ta’sirinin’ ku’sheyiwinde, bile-tura yamasa «tosattan» introduktsiyalawda, sonday-aq, jat tu’rlerdin’ o’z-o’zinen kelip jaylasıwı, haywanatlar menen o’simli’qler keselliklerinin’ tarqalıwında ko’zge taslanadı.

A’dette, insannın’ ha’r tu’rli is-ha’reketleri (awıl xojalıg’ı, qurılıs, paydalı qazılmalardı qazıp alıw, transport, rekreatsiya, o’ndiris ha’m t.b.) haywanatlar

du’nyası quramının’ regressiv o’zgerislerine ha’m tikkeley, ha’m qosımsha ta’sir ko’rsetedi.

**Siyrek ha’m jog’alıp baratırg’an tu’rlerge sıpatlama**

Ha’zirgi waqıtta O’zbekstan Respublikasının’ Qızıl kitabına (2009) Qaraqalpaqstandag’ı omırtqasızlardın’ 15 tu’ri, su’t emiziwshilerden - 11, quslardan - 40, balıqlardan - 12, jer bawırlawshılardın’ 4 tu’ri kirgizilgen. Bul 82 tu’r ma’mleketimiz Qızıl kitabının’ 44,5% quraydı (4-keste).

4-keste

Qaraqalpaqstannın’ siyrek ha’m jog’alıp baratırg’an haywanat tu’rlerinin’ sanı ha’m protsentli’q (%) qatnası

| Toparlar | Topardag’ı tu’rlerdin’ ulıwma sanı | Topardag’ı ulıwma tu’r sanınan, sanı ha’m protsenti % | |
|---|---|---|---|
| | | UzRDB | RL |
| Omırtqasızlar | 3500 | 15 (0,4%) | - |
| Balıqlar | 43 | 12 (27,9%) | 8 (18,6%) |
| Jer bawırlawshılar | 33 | 4 (12,1%) | 1 (3,03%) |
| Quslar | 317 | 40 (12,6%) | 24 (7,58%) |
| Su’t emiziwshiler | 68 | 11 (16,17%) | 13 (19,12%) |

Jup tuyaqlı su’t emiziwshilerden ta’biyg’ıy ortalıqta jag’dayı jaqsı haywanlarg’a don’ız kiredi, bira onın’ sanı keskin kemeyip ketti.

**Qara quyrıq kiyik** qumlı ha’m gipsli sho’llerde ken’ tarqalg’an bolıp, tiykarg’ı awlaw obekti edi. Qızılqum ha’m U’stirtti xojalıq maqsetlerinde o’zlestiriwdin’ ha’zirgi jedel pa’tleri ha’m brakonerlik na’tiyjesinde bul haywan arealının’ ayırım uchastkaları g’ana qaldı ha’m olardın’ bas sanı da kemeyip ketti. Qara quyrıq kiyikte O’zbekstan Qızıl kitabına (2006) ha’m Xalıq aralıq ta’biyattı qorg’aw awqamı Qızıl dizimine kirgizilgen. Lekin sonı da atap o’tiw kerek,

keyingi jıllarda Qızılqumda ha'm U'stirttin' ayırım jerlerinde qara quyrıq kiyiktin' sanı kem-kemnen ko'beymekte.

**Aqbo'ken** juwsanlı-soralı dalalar menen yarım sho'llerdin' tipik wa'killerinen esaplanadı. Burınları ol massalı tu'rde awlang'an. Bu'gingi ku'nde aqbo'ken siyrek ushırasadı, onın' shaqı ushın brakonerler ko'p awlaytug'ın bolg'anlıqtan, sanı kem-kemnen azayıp barmaqta. XTQA antilopalar boyınsha isshi toparı aqbo'kendi jog'alıp ketiw aldında turg'an, og'ada joqarı qa'wip astındag'ı antilopalardın' bes tu'rinin' biri dep esaplaydı. Du'nya ju'zinde aqbo'kennin' bir birinen bo'lek bes populyatsiyası bar, solardan transshegaralıq U'stirt populyatsiyası Qazaqstan, O'zbekstan, Tu'rkmenistan aymaqlarında jaylasqan bolıp, ol ju'da' awır awhalda qalmaqta. Bul populyatsiyanın' sanı XX a'sirdin' ortalarındag'ı sanına salıstırg'anda 7% ke de jetpeydi. 2009-jıldan baslap ol O'zbekstan Qızıl kitabına ha'm Xalıq aralıq ta'biyattı qorg'aw awqamı Qızıl dizimine kirgizilgen. 2006-2009-jj. Qazaqstan, Tu'rkmenistan, Mongolstan, O'zbekstan ha'm Rossiya ma'mleketleri ta'repinen aqbo'kendi saqlap qalıw, qayta tiklew ha'm turaqlı paydalanıw boyınsha o'z-ara tu'sinisiw haqqındag'ı Memorandumg'a qol qoyıldı.

**Buxara suwını** – Oraylıq Aziyanın' endemigi esaplanadı. Bul hasıl suwınlar ishindegi en' kishkenesi ha'm ashıq ren'lisi. Ol A'miwda'rya menen Sırda'rya basseyni jag'alarındag'ı ag'ash-puta o'simli'qleri arasında, Qızılqum sho'linde Aral ten'izine shekemgi aralıqta jasag'an. Awıl xojalıg'ının' jedel rawajlanıwı, da'rya jag'alarındag'ı tog'aylardı shabıw, mal bag'ıw, ot-sho'p tayarlaw, ja'ne de suwınlardı go'shi ha'm shaqı ushın nabıt qılıw na'tiyjesinde XIX a'sirdin' aqırlarına kelip-aq onın' arealı menen bas sanı keskin kemeyip ketti. 1960—jıllardın' ortalarında buxara suwını tek g'ana A'miwda'ryadag'ı «Aral-Payg'ambar» (70 basqa shamalas) ha'm Vaxsh da'ryasının' to'mengi jag'ındag'ı «Jolbarıs say» (250 basqa shamalas) qorıqxanalarında saqlanıp qalg'an edi. Bunnan tısqarı, A'miwda'ryanın' orta ag'ısındag'ı Darg'an-ata aymag'ında 12-15 jasag'an; Pyanj da'ryasının' to'mengi jag'ında, «Jolbarıs say» qorıqxanasınan

shıg’ısıraqta, ha’m usı qorıqxananın’ batıs ta’repindegi A’miwda’rya boylarında biren’-saran’ suwın saqlanıp qalg’an edi.

Buxara suwının A’miwda’rya menen Sırda’rya basseyninde qayta tiklew jumısları XX a’sirdin’ ekinshi yarımında tog’ay qorıqxanaların du’ziwden baslandı. Baday-tog’ay qorıqxanası 1971-jılı du’zilgen bolıp, onın’g’ı qorg’aytug’ın obekti buxara suwını bolıp esaplanadı. Baday-tog’ayg’a 1976-jılı may ayında «Ramit» qorıqxanasınan 3 suwın (eki urg’ashı ha’m bir erkek suwın) alıp kelinip, arnawlı qurılg’an setkalı volerlerge jaylastırıldı. Sol jılı dekabrde «Ramit»ten tag’ı da 9 suwın alıp kelindi. Bu’gingi ku’nde, buxara suwının reintrodukiyalaw jumısları baslang’annan son’g’ı 30 jıl ishinde, «Baday-tog’ay» qorıqxanası Oraylıq Aziyada buxara suwınının’ en’ u’lken populyatsiyasın saqlaytug’ın orıng’a aylandı. Keyingi esaplawlarg’a qarag’anda (2010), bul qorıqxanada 552 suwın tirishili’q etedi. Buxara suwını Xalıq aralıq ta’biyattı qorg’aw awqamının’ Qızıl dizimine (2006), sonday-aq, O’zbekstan (2006) ha’m barlıq Oraylıq Aziya ma’mleketlerinin’ Qızıl kitaplarına kirgizilgen.

Ha’zirgi jag’daylarda XTQA Qızıl dizimine kirgizilgen to’mendegi tu’rler ayırıqsha dıqqat awdarıwdı talap etedi: Qaraqalpaqstandag’ı tolıq jog’alıp ketiw aldında turg’an su’t emiziwshilerden 4 takson: hind palxorı, turkmen qaraqulag’ı, turkmen kulanı, ustirt qoyı; jog’alıp baratırg’an ha’m tolıq jog’alıp ketiw qa’wpi astında quslardın’ 5 tu’ri: ma’rma’r shegejin (mramornıy chirok), balıqshı u’yrek (savka), aq tırna, jorg’a tuwalaq, jin’ishke tumsıqlı kronshnep; balıqlardan 4 takson: bekire, u’lken ha’m kishi A’miwda’rya jalg’an beltumsıq balıqları, aral tikenek balıg’ı.

O’zbekstan faunasındag’ı siyrek ushırasatug’ın ha’m jog’alıp baratırg’an haywanlar tu’rlerinen jog’alıp ketiw qa’wpi astındag’ı jabayı fauna ha’m flora tu’rleri menen xalıq aralıq sawda islew haqqındag’ı Konventsiyanın’ 1-Qosımshasına (SİTES, og’an O’zbekstan 1997-j. qosıldı) omırqasızlardın’ 1 tu’ri (su’li’q), balıqlardın’ 4 tu’ri (barlıg’ı bekireler), jer bawırlawshılardın’ 2 tu’ri (Orta Aziya kobrası ha’m sur eshkemer), quslardın’ 30 tu’ri, su’t emiziwshilerdin’ 14 tu’ri ha’m kishi tu’rleri kirgizilgen.

**An’shılıq tu’rlerge sıpatlama**

Qaraqalpaqstan aymag’ının’ landshaftlıq ko’p tu’rliligi an’shılıq faunasının’ tu’rlik ko’p tu’rliligin belgilep beredi. Jaqın o’tmishte bul aymaq awlanatug’ın haywanlardın’ ko’pligi menen at shıg’arıp, bul jerde mamıq terisi ushın awlanatug’ın haywanlardın’ 27 tu’ri bar edi. 1950-1980-jılları jergili’qli (aborigen) haywanlardan tu’lki, shag’al, tolay qoyanı, jabayı pıshıqlar terishilik ka’sibinin’ jetekshi obekti bolg’an edi. 1990-jıllarg’a shekem qarsaq tu’lki, porsıq, balpaq tıshqan ha’m sasıq gu’zen terisin tayarlaw dawam etip keldi. Teri tayarlaw ko’lemleri ha’r jılı o’zgerip tursa da, aymaqtag’ı suw rejiminin’ o’zgeriwi na’tiyjesisinde ta’biyat ortalıg’ı degradatsiyasının’ ku’sheyiwi sebepli teri tayarlaw ko’lemleri de u’zli’qsiz pa’seye basladı. Tek g’ana shag’al ha’m tu’lki terisin tayarlaw ko’lemleri salıstırma turaqlı halda qaldı (1960 ha’m 1970-jj. mag’lıwmatlar boyınsha), basqa tu’rdegi haywan terilerin tayarlaw jıl sayın keskin kemeyip bardı.

Qaraqalpaqstanda 1950-jıllarda massalı awlanatug’ın haywanlardan biri bul jerge 1944-jılı a’kelingen ondatra boldı. Aradan eki jıl o’tkennen keyin bul tu’rdin’ sanı ju’da’ ko’beydi ha’m bunnan bılay ko’shirip-qonıslandırıw ushın maydanı 124 mın’ gektardan aslam A’miwda’rya ondatra qa’siplik xojalıg’ı sho’lkemlestirildi. Ondatra terisin tayarlawdın’ en’ ko’p ko’lemleri 1956-1957-jj. tuwra keledi – jılına 1 mln. bastan aslam. Sonı da aytıp o’tiw kerek, ondatra go’shi an’shılıq xojalıg’ının’ haywanat fermasında o’sirilip atırg’an nutriya, norka ha’m qara-sur tu’lki ushın azıq sıpatında beriletug’ın edi. Biraq ko’llerdin’ qurıp ketiwi ha’m ondatralar jasaytug’ın maydanlardın’ qısqarıp ketiwi na’tiyjesisnde teri tayarlaw ko’lemleri de keskin kemeye basladı. 1980-jılları ha’r jılı shama menen 12-26 mın’ ondatra terisi tayarlandı; al keyingi mag’lıwmatlar boyınsha, 1999-jılı Sudoche ko’linen 1 mın’ bas ondatra awlang’an. Bu’gingi ku’nde ondatra an’shılıq xojalıqlarının’ ra’smiy mag’lıwmatlarında ko’rsetilmeydi. 1990-jıllarg’a shekem an’shılar tutınıwshılar kooperatsiyasına uslang’an an’ terilerinin’ (tu’lki, jabayı pıshıqlar, shag’allar ha’m t.b.) bir bo’legin

tapsıratug'ın edi. Tapsırılg'an qasqır terisi ushın pul beriletug'ın edi. 1991-jıldan son' ekonomikalıq sha'rayatlar menen turmıs da'rejesinin' o'zgeriwi sebepli teri tapsırıw toqtap qaldı.

Keyingi on jıllıqlarda burınları an'shılıq obekti bolg'an pıshıq ta'rizliler menen suwsarlar ha'm basqa da su't emiziwshilerdin' keskin kemeyip ketkenligi ko'zge taslanadı; olardın' bir bo'legi O'zbekstan Qızıl kitabına kirgizilip, an'shılıq faunası quramınan shıg'arılg'an. Olarg'a qaraqulaq, palxor, aqbo'ken, qara quyrıq kiyik ha'm t.b. kiredi. Olardı qorg'aw talap etiledi, ha'm sonın' ushın awlaw qadag'an etilgen. Usıg'an baylanıslı su't emiziwshilerden qasqır, tu'lki, shag'al, porsıq ha'm don'ız, quslardan – ha'r tu'rli g'azlar menen u'yrekler ha'm qasqaldaqlardı awlawg'a ruxsat etilgen.

An'shılıq xojalıqları ha'r jılı ba'ha'rde ha'm gu'zde haywanatlarg'a esap sanaq islerin ju'rgizedi, bul mag'lıwmatlar tiykarında an' awlaw normaları (kvotaları) belgilenedi. 2004-2008-jj. mag'lıwmatlar 5-kestede keltirilgen.

5-keste

Qaraqalpaqstan an'shılar ha'm balıqshılar ja'miyetinin' haywanlardı awlaw boyınsha mag'lıwmatları (2004-2008-jj.)

| Jıllar | G'azlar | | U'yrekler | | Qasqaldaqlar | | Qırg'awıl | | Qoyan | | Don'ız | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | kvota | awlang'an | kvota | awlang'an | kvota | awlang'an | Kvota | awlang'an | kvota | awlang'an | kvota | awlang'an |
| 2004 | 500 | 385 | 700 | 555 | 300 | 180 | 200 | 185 | 100 | 34 | | - |
| 2005 | 1730 | 260 | 2960 | 809 | 1900 | 384 | 200 | 164 | 300 | 96 | | - |
| 2006 | 820 | 295 | 1250 | 602 | 500 | 216 | 300 | 210 | 300 | 84 | | - |
| 2007 | 500 | 380 | 1100 | 795 | 200 | 197 | 500 | 456 | 200 | 93 | | - |
| 2008 | 500 | 62 | 1200 | 270 | 300 | 78 | 400 | 317 | 300 | 21 | | 6 |

1991-jıldan baslap jabayı haywanlardan aqılg'a muwapıq paydalanıw maqsetinde kvota, yag'nıy ta'biyattan haywanlardı awlawdın' ruxsat etilgen shegaraları belgilene basladı. Kvota haywanat du'nyasın esapqa alıw na'tiyjeleri ha'm onnan paydalanıwshılardın' talapnamaları negizinde belgilenedi, O'zbekstan Respubli'qası İlimler Akademiyasının' tiyisli tarmaq institutları menen kelisiledi ha'm Ta'biyattı qorg'aw komitetinin' buyrıg'ı menen tastıyıqlanadı.

Biraq, ra’smiy an’ awlaw mu’mkinshilikleri bar bolıwı ha’m haywanlardı qorg’aw boyınsha ju’rgizilip atırg’an ilajlarg’a qaramastan barlıq jerlerde brakonerlik ken’ en jayg’an. Biologiyalıq ko’p tu’rlilikti saqlap qalıw bag’darlarının’ biri ta’biyattı qorg’aw nızamshılıg’ın buzıwshılar menen gu’res bolıp esaplanadı. Ma’mleketlik bioqadag’alaw komitetinin’ mag’lıwmatlarına qarag’anda, ha’r jılı 4-7 mın’ nızam buzıwshılıq jag’dayları anıqlanadı, olardın’ basım ko’pshiligi haywanatlar du’nyasına (sonın’ ishinde balıq resurslarına) tiyisli, al keyingi jıllarda bul ko’rsetkishtin’ basım bo’legi o’simli’q du’nyasına tuwra keledi (2006-j. - 59,4 %, 2007 j. - 65,6%). Ha’r jılı salıng’an ja’riymalar summası menen berilgen dawa arzaları, sonday-aq, olardı o’ndiriw protsenti asıp barmaqta (2006 ha’m 2007-jj. 98%). Haywanat ha’m o’simli’q du’nyasına keltirilgen zıyandı qaplaw tuwralı berilgen dawa arzaları boyınsha o’ndiriw protsenti 10,5 % ten (2000 j.) 89% ke (2004 j.) shekem o’sti. Sonı da atap o’tiw kerek, 1989-2007 jj. haywanat ha’m o’simlik du’nyasın qorg’aw nızamshılıg’ın buzıw jag’daylarının’, sonday-aq, salıng’an ha’m o’ndirilgen ja’riymalar summasının’ ko’pshilik bo’legi Qaraqalpaqstan aymag’ına tuwra keledi (O’zbekstan Respublikasında qorshag’an ortalıqtın’ jag’dayı ha’m ta’biyat resurslarınan paydalanıw haqqında Milliy bayanat, 1988-2007 jj.).

## Balıq awlawshılıq ha’m balıq awlaw xojalıqları

Balıq awlawshılıq – bul isbilermenlik jumısları maqsetlerinde balıq awlawshılıq obektleri bolg’an balıqlardı ha’m basqa da suw haywanların awlaw bolıp tabıladı. Balıq awlawshılıq tek balıq xojalıg’ı sho’lkemlerine bekitilgen balıqshılıq suw aydınlarında (uchastkalarında) g’ana a’melge asırıladı.

Balıqlar ha’m basqa da suw haywanların awlaw yamasa olardı o’rshitiw ushın paydalanılatug’ın yaki paydalanılıwı mu’mkin bolg’an barlıq ta’biyg’ıy suw aydınlar (ten’iz, da’rya, suw saqlag’ısh, ko’ller ha’m olarg’a qosılg’an suwlı orınlar, ha’wiz xojalıqları menen balıq pitomniklerinen basqa) balıqshılıq xojalıg’ı orınları bolıp esaplanadı.

Balıq awlanatug’ın yaki awlanıwı mu’mkin bolg’an balıqshılıq xojalıg’ı ta’biyg’ıy suw saqlag’ıshları balıq awlawshılıq orınları esaplanadı. Balıqshılıq suw aydınları ha’wesker balıshılıq sportı ushın da paydalanılıwı mu’mkin.

O’zbekstanda ta’biyg’ıy suw saqlag’ıshlarda balıq awlaw huqıqına ha’zirgi qa’dege muwapıq ijara sha’rtnamasın du’zgen yuridikalıq ha’m fizikalıq shaxslar iye boladı.

2003-jılı O’zbekstan Respubli’kası Ministrler Kabinetinin’ 350-sanlı «Balıqshılıq tarawında monopoliyadan shıg’arıw ha’m menshiklestiriwdi teren’lestiriw ilajları haqqında»g’ı qararına muwapıq ma’mleketimizdegi balıqshılıq tarawı qayta sho’lkemlestirildi.

Ta’biyıy balıq xojalıg’ı suw aydınları balıqshılıq ka’rxanalarına konkurs tiykarında keminde 10 jılg’a ijarag’a beriledi. Ta’biyg’ıy suw saqlag’ıshlar uchastkalarınan paydalanıw boyınsha ijara sha’rtnaması Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken’esi, wa’layatlar ha’kimlikleri menen tenderde jen’ip shıqqan balıqshılıq ka’rxanası arasında du’ziledi.

İjara sha’rtnamasın du’zgen balıqshılıq ka’rxanaları ta’biyg’ıy suw aydınlardag’ı bar biologiyalıq resurslardan ha’m balıq o’nimlerine bolg’an talaplardan, balıq o’nimdarlıg’ın saqlap qalıwdı ha’m resursların ko’beytiwdi jetkilikli da’rejede uslap turıw za’ru’rliginen kelip shıg’ıp, kvotasız balıq awlaydı. Ta’biyg’ıy suw saqlag’ıshlardı ijarag’a alg’an balıqshılıq xojalıqları ta’biyattı qorg’aw nızamshılıg’ın, Respublika aymag’ında belgilengen balıq awlaw qag’ıydaların qatan’ tu’rde basshılıqqa alıwı, ha’r jılı balıq o’rshitip, ko’beytiw jumısların ja’ne balıq resursların saqlawdı ta’miyinlew ha’m qayta tiklew boyınsha basqa da ilajlardı a’melge asırıwı lazım.

Balıqshılıq ka’rxanaları belgilengen ta’biyattı qorg’aw boyınsha nızam hu’jjetlerin, balıq awlaw qag’ıydaların ha’m ijara sha’rtnaması sha’rtlerin qopal ha’m turaqlı tu’rde buzg’an jag’dayda Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken’esi, wa’layatlar ha’kimliklerinin’ sheshimi menen ijara sha’rtnaması belgilengen ta’rtipte waqtınan burın biykar etiliwi mu’mkin.

Respublikanın’ ta’biyg’ıy balıqshılıq suw saqlag’ıshların ijarag’a beriwden kelip tu’sken qarjılar tiyisli jergilikli byudjetke (60%), balıqshılıqtı rawajlandırıw boyınsha İlimiy-izertlew orayı janındag’ı balıqshılıqtı rawajlandırıw fondına (25%) ha’m O’zbekstan Respubli’qası Ta’biyattı qorg’aw boyınsha ma’mleketlik komitetine (15%) jiberiledi ha’m bul qarjılar balıq resursların saqlaw ha’m aqılg’a muwapıq paydalanıw boyınsha ilajlardı a’melge asırıw maqsetinde jumsaladı.

2009-jılı Qaraqalpaqstanda 75 balıq awlaw xojalıg’ı esapqa alıng’an, olarg’a Respublikadag’ı tu’rli suw aydınlar akvatoriyasınan 72257 ga ijarag’a berilgen. Jıllıq balıq awlaw ko’lemleri 329,2-1388,2 tonna (2004-2008 jj.). 2000-2001, 2007-2008 jj. suw tamtarıslıg’ı balıq xojalıg’ı suw aydınlarının’ ko’pshilik bo’leginin’ degradatsiyasına (qurıp qalıwına) alıp keldi ha’m bul balıq resurslarının’ ko’beyiwin toqtatıp qoydı. Sonlıqtan ko’plegen xojalıqlar 2008-jılı balıq awlawdı toqtattı. 2009-jılı to’mengi A’miwda’ryag’a ag’ıp keletug’ın suw mug’darı suw ko’beydi ha’m ko’llerdin’ akvatoriyaları qayta tiklene basladı, lekin balıq resursları sheklengen halında qalmaqta. 75 balıqshılıq xojalıg’ınan bu’gingi ku’nde tek g’ana 18 xojalıq balıq awlawdı dawam ettirmekte. 2008 ha’m 2009 jıllarda awlang’an balıqtın’ tiykarg’ı bo’legi «Qazaqda’ryabalıq» balıqshılıq xojalıg’ı, «No’kisbalıq» AAJ QK ha’m «Maxsusbalıq» ka’rxanaları u’lesine tuwra keledi. Olardın’ u’lesine barlıq awlawdın’ 96% tuwra keledi. (1.10.2009-j. mag’lıwmatlar boyınsha). Son’g’ı u’sh jılda awlang’an balıqlardın’ tiykarg’ı tu’rleri: sazan, aq tolstolobik, aq amur, sıla, torta, jılan balıq, jumır balıq, tıran, ılaqa, aq marqa, qılısh balıq.

**Jer bawırlawshılar**

O’zbekstanda tasbaqa, ko’l baqası, jılanlardın’ barlıq tu’ri (10 tu’r), kesirtkeler ha’m gekkonlardı (18 tu’r) awlawg’a ra’smiy tu’rde ruxsat etilgen. Jılanlardan to’rt jollı ala jılan, kesirtkelerden - Molchanov ha’m xantaw domalaqbası bularg’a kirmeydi. Sur eshkemerdi awlaw qadag’an etilgen. Bular siyrek ushırasatug’ın ha’m jog’alıp baratırg’an (xantaw gu’mgu’mi) tu’rler sıpatında O’zbekstan Respublikası Qızıl kitabına kirgizilgen ha’m qorg’aw statusına iye. Orta Aziya tasbaqası XTQA Qızıl dizimine (2003) kirgizilgen, biraq

O’zbekstan Respublikası Qızıl kitabına (2006) kirgizilmegen. Qaraqalpaqstanda keyingi jıllarda jer bawırlawshılardı ra’smiy tu’rde awlaw bolmag’an.

Burınları Orta Aziyada 20 mın’ danag’a shekem eshkemer terisi tayarlang’an ha’m bul galantereya buyımları menen ayaq kiyim tayarlawda paydalanılg’an. Sonday-aq, Moynaq qalasındag’ı konserva kombinatında 1933-1941-jj. mal ha’m tasbaqa go’shinen konserva tayarlang’an, keyinirek kombinat balıq konservaların tayarlawg’a ka’nigelestirilgen.

O’zbekstanda tasbaqa awlaw ha’m onı eksport qılıw ko’lemleri boyınsha 1995-1996-jıllardag’ı mag’lıwmatlarg’a muwapıq, tiyislisinshe 15,0 ha’m 7,5 mın’ dana eksportqa shıg’arılg’an. Keyingi jıllarda Respubli’qada reptiliyalar menen amfibiyalardı awlaw boyınsha ra’smiy mag’lıwmatlar joq.

## 3.2. O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI HAYWANAT A’LEMI HA’R TU’RLILIGI HA’M QORG’AW BOYINSHA IS ILAJLAR

O’zbekstan Respublikasının’ 26.12.1997-j. qabıl etilgen «Haywanat du’nyasın qorg’aw ha’m onnan paydalanıw haqqında» g’ı Nızamının’ 6 statyasına muwapıq, haywanat du’nyasın qorg’aw ha’m paydalanıw tarawındag’ı ma’mleketlik basqarıw O’zbekstan Respublikası Ministrler Kabineti, orınlardag’ı ma’mleketlik ha’kimiyat organları, sonday-aq, arnawlı wa’killik berilgen ma’mleketlik organlar ta’repinen a’melge asırıladı. O’simlik ha’m haywanat du’nyasın qorg’aw ha’m paydalanıw tarawında arnawlı wa’killik berilgen ma’mleketlik organlar - O’zbekstan Respublikası Ta’biyattı qorg’au ma’mleketlik komiteti ha’m O’zbekstan Respublikası Awıl ha’m suw xojalıg’ı ministrligi janındag’ı Tog’ay xojalıg’ı Bas basqarması bolıp esaplanadı.

O’simlik ha’m haywanat du’nyasın qorg’aw ha’m paydalanıw tarawında arnawlı wa’killik berilgen ma’mleketlik organlardın’ wazıypaları ko’rsetip o’tilgen nızamlarda, sonday-aq, 26.04.1996 j. O’zbekstan Respublikası Oliy Majlisi ta’repinen tastıyıqlang’an «O’zbekstan Respublikası Ta’biyattı qorg’aw ma’mleketlik komiteti haqqındag’ı Reje» ha’m O’zbekstan Respublikası Ministrler

Kabinetinin' 30.03.2001 j. №160 Qararı menen tastıyıqlang'an «O'zbekstan Respublikası Awıl ha'm suw xojalıg'ı ministrligi janındag'ı tog'ay xojalıg'ı Bas basqarması haqqındag'ı Reje»si menen belgilenedi.

O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin' biologiyalıq ko'p tu'rlilikti saqlaw tarawındag'ı wa'killikleri:

- birden-bir ta'biyattı qorg'aw siyasatın ju'rgiziw, bag'darlama ilajların belgilew;
- biologiyalıq resurslardan paydalanıwdı retlestiriw;
- biologiyalıq resurslardı ma'mleketlik esapqa alıw, olardın' kadastrın ha'm monitoringin ju'rgiziw ta'rtibin belgilew ha'm ta'miyinlew;
- biologiyalıq resurslardan paydalang'anı ushın haqı to'lew ta'rtibin belgilew;
- respubli'qalıq a'hmiyettegi qorg'alatug'ın aymaqlardı du'ziw;
- ta'biyattı qorg'aw ha'm ta'biyattan paydalanıw tarawında ma'mleketler aralıq qatnasıqlardı rawajlandırıw;
- nızamshılıqta ko'zde tutılg'an basqa da ilajlardı a'melge asırıw.




Orınlardag'ı ma'mleketlik ha'kimiyat organlarının' biologiyalıq ko'p tu'rlilikti saqlaw tarawındag'ı wa'killiklerine to'mendegiler kiredi:

- o'z aymag'ında biologiyalıq ko'p tu'rlilikti saqlawdın' tiykarg'ı bag'darların belgilew, regionallıq (aymaqlıq) ekologiyalıq bag'darlamalardı tastıyıqlaw;

- jergilikli a’hmiyettegi qorg’alatug’ın ta’biyg’ıy aymaqlardı du’ziw;
- o’simlik ha’m haywanat du’nyasınan paydalanıwdın’ ayırım tu’rlerine ruxsatnamalar beriw ha’m olardı biykarlaw;
- ta’biyat resursların qorg’aw ha’m paydalanıw u’stinen qadag’alaw ju’rgiziw;
- nızamshılıqta ko’zde tutılg’an basqa da ma’selelerdi muwapıqlastırıw.

Qaraqalpaqstan Respublikası ta’biyattı qorg’aw boyınsha ma’mleketlik komiteti ta’biyattı qorg’aw, ta’biyiy resurslardı paydalanıw ha’m tarawlar aralıq basqarıwdı a’melge asırıwshı arnawlı wa’killikler berilgen vedomstvalardan u’stin turıwshı ha’m koordinatsiyalawshı uyım bolıp tabıladı.

Qaraqalpaqstan Respublikası Ta’biyattı qorg’aw boyınsha ma’mleketlik komitetinin’ tiykarg’ı wazıypaları to’mendegilerden ibarat:

1. Qorshap turg’an ta’biyiy ortalıqtı qorg’aw, ta’biyiy resurslardı paydalanıw ha’m qayta tiklewge ma’mleketlik qadag’alawdı a’melge asırıw.
2. Ta’biyattı qorg’aw jumısında tarawlar aralıq kompleksli basqarıwdı a’melge asırıw.
3. Ta’biyattı qorg’aw ha’m resurslardan u’nemli paydalanıw boyınsha birden bir siyasattı islep shıg’ıw ha’m a’melge asırıw .
4. Qorshap turg’an ortalıqtın’ ekologiyalıq awhalın jaqsılawdı ta’miyinlew ha’m qa’lpine keltiriw .
5. Qorıqxana islerine basshılıq etedi, qorg’alatug’ın ta’biyiy aymaqlar ta’rtibin ta’miyinleydi.

Qaraqalpaqstan Respublikası tog’ay xojalıg’ı basqarması (TXB) mamleketlik organ bolıp esaplanadı. Basqarma O’zbekstan Respublikası Awıl ha’m suw xojalıg’ı ministrligi janındag’ı Tog’ay xojalıg’ı Bas basqarmasına (TXBB) qaraslı.

Tog’ay xojalıg’ı Bas basqarması tog’ay xojalıg’ının’ jag’dayına ha’m bunnan bılay da rawajlanıwına, tarawdag’ı ilimiy-texnikalıq progress, tog’aylardı aqılg’a muwapıq paydalanıwdı, qayta tiklewdi, saqlawdı ha’m qorg’awdı sho’lkemlestiriw, tog’ay fondı aymag’ında an’shılıq xojalıg’ın ju’rgiziw,

tog’aylardın’ ekologiyalıq ha’m basqa da paydalı funktsiyaların ku’sheytiw, qorıqxanalar jumısların ju’rgiziw, miliy parklerdi basqarıw jumısları ushın juwapker boladı.

TXB bekitilgen wa’killi’qlerge muwapıq sho’lkemler ha’m mekemelerdin’ tog’ay qorları aymag’ında tog’ayshılıq, an’shılıq xojalıg’ın ju’rgiziwge baylanıslı barlıq jumıslardı sho’lkemlestiredi ha’m olardın’ jumıs ju’rgiziwine juwap beredi. TXB juwapkershiligi usıdan ibarat, Ministrler Ken’esi tog’ay xojalıg’ı tarawındag’ı nızamshılıqtı a’meliy is ju’zinde paydalanıw boyınsha usınıslar tayarlaydı ha’m Qaraqalpaqstan Respubli’qası Joqarg’ı Ken’esine belgilengen ta’rtipte usınıs etedi.

**Biologiyalıq ko’p tu’rlilikti basqarıwda ja’miyetli’k sho’lkemler menen jergilikli uyımlar ilajlari.** Biologiyalıq ko’p tu’rlilik boyınsha Konventsiya (BKTK) biologiyalıq ko’p tu’rlilik pene ta’biyat resursların basqarıwda ja’miyetshiliktin’ qatnasıwı za’ru’rligin ta’n aladı. Konventsiyanın’ 8 statyasında biologiyalıq ko’p tu’rlilikti qorg’aw ha’m turaqlı paydalanıw boyınsha jergilikli bilimler menen a’meliyattın’ a’hmiyetli ekenligi atap o’tiledi; 13 statya ja’miyetshiliktin’ xabardar bolıwın ha’m mag’lıwmatlarg’a iye bolıwına biologiyalıq ko’p tu’rlilikti qorg’awdın’ negizgi elementi sıpatında ayırıqsha itibar beredi, al 17 statya barlıq basqıshlarda ma’limleme almasıw za’ru’rligine arnalg’an. Bunnan tısqarı, BKTK biologiyalıq ko’p tu’rlilikti basqarıwdın’ tiykarg’ı du’zilisi sıpatında ekosistemalıq jandasıwlar tu’rine endi, og’an ja’miyetshiliktin’ qatnasıwına baylanıslı bir neshe printsipler kirgizilgen.

Ja’miyetshiliktin’ sheshimler qabıllawda ha’m ta’biyattı qorg’aw bag’darlamaları menen siyasatın a’melge asırıwda qatnasıwı bir qatar potentsial u’stinli’qlerge iye, sonday-aq to’mendegi na’tiyjelerdi beriwi mu’mkin:

- İlajlardı tabıslı a’melge asırıw ushın mu’mkinshilikler a’dewir da’rejede ko’beyedi;
- Ja’miyetshiliktin’ xabardarlıg’ı ku’sheyedi;
- İdeyalardın’ birlesiwi ha’m sheshimler qabıllaw protsessi ushın za’ru’r bolg’an a’hmiyetli jergilikli mag’lıwmatlar alınıwı;

- Puqaralarg’a o’zlerinin’ demokratiyalıq huqıqlarınan paydalanıw mu’mkinshiliginin’ beriliwi.

«Ma’mleketlik emes kommertsiyalıq emes sho’lkemler haqqında»g’ı, «O’zbekstan Respublikasında ja’miyetlik birlespeler haqqında»g’ı, «Ta’biyattı qorg’aw haqında»g’ı nızamlar ha’m basqa da nızamshılıq hu’jjetlerine muwapıq, ja’miyetlik birlespeler ha’m basqa da ma’mleketlik emes, kommertsiyalıq emes sho’lkemler ta’biyattı qorg’aw ma’selelerin, sonın’ ishinde biologiyalıq ko’p tu’rlilikti saqlaw ma’selelerin sheshiwde qatnasıw huqıqına iye.

Olardın’ qatnasıwı to’mendegi bag’darlar boyınsha a’melge asırıladı:

1. Biologiyalıq ko’p tu’rlilikti saqlaw boyınsha ilajlardı sho’lkemlestiriw ha’m o’tkeriw;

2. A’melge asırılıwı biologiyalıq resurslar jag’dayına unamsız ta’sir ko’rsetiwi mu’mkin bolg’an joybarlardı ja’miyetlik ekologiyalıq ekspertizadan o’tkeriw;

3. Ja’miyetli’q ekologiyalıq qadag’alawdı a’melge asırıw;

Biologiyalıq ko’p tu’rlilikti saqlaw boyınsha ilajlardı sho’lkemlestiriw ha’m o’tkeriw ushın ja’miyetlik birlespeler finanslıq ha’m texnikalıq ja’rdem (grantlar) alıw huqıqına iye, sonın’ ishinde xalıq aralıq sho’lkemlerden de.

Ja’miyetlik birlespeler ha’m basqa da ma’mleketlik emes, kommertsiyalıq emes sho’lkemler biologiyalıq resurslar menen qorg’alatug’ın ta’biyg’ıy aymaqlar jag’dayı haqqında nızamshılıqta belgilengen ta’rtipte mag’lıwmat alıw huqıqına iye. Ma’selen, puqaralardın’ o’zin-o’zi basqarıw organları, ma’mleketli’q emes, kommertsiyalıq emes sho’lkemler, puqaralar tiyisli ma’mleketlik organlardan bunday mag’lıwmatlardı soraw ha’m alıw huqıqına iye.

Puqaralardın’ o’zin-o’zi basqarıw organları, ma’mleketlik emes, kommertsiyalıq emes sho’lkemler, puqaralar ma’mleketlik organlarg’a ta’biyat resursları menen qorg’alatug’ın ta’biyg’ıy aymaqlardı sho’lkemlestiriw, qorg’aw ha’m paydalanıw boyınsha ilajlardı o’tkeriwde ja’rdem beredi. Ma’mleketlik organlar bunday ilajlardı o’tkeriwde puqaralardın’ o’zin-o’zi basqarıw

organlarının’, ma’mleketlik emes, kommertsiyalıq emes sho’lkemlerdin’, puqaralardın’ usınısların esapqa aladı.

«Qorg’alatug’ın ta’biyiy aymaqlar haqqında»g’ı Nızamnın’ 10 statyasına muwapıq, ayırım qorg’alatug’ın ta’biyiy aymaqlardı basqarıwg’a puqaralardın’ o’zin-o’zi basqarıw organları, ma’mleketlik emes, kommertsiyalıq emes sho’lkemlerden, puqaralar ishinen wa’killer tan’lap alıw maqsetinde orınlardag’ı ma’mleketlik ha’kimiyat organları sheshimi menen ma’sla’ha’t komissiyaları du’ziliwi mu’mkin. Jergilikli xalıqtın’ ma’plerine baylanıslı bolg’an qorg’alatug’ın ta’biyiy aymaqlar menen olardın’ qorg’aw zonaların du’ziw tuwralı sheshimler ma’sla’ha’t komissiyalarının’ juwmaqların esapqa alg’an halda qabıl etiledi.

O’simlikler menen haywanlardın’ ayırım tu’rlerin qorg’aw ha’m ko’beytiwdi sho’lkemlestiriw maqsetinde ma’mleketlik emes, kommertsiyalıq emes sho’lkemler jeke menshik zakaznikler menen pitomnikler du’ziw huqıqına iye.

Bunnan tısqarı, ja’miyetli’q birlespelerge belgilengen ta’rtipte an’shılıq-balıqshılıq maydanları beriliwi mu’mkin.

## 3.3. BIOLOGIYALIQ KO’P TU’RLILIKTI QORG’AWDA QORG’ALATUG’IN TA’BIYIY AYMAQLARDIN’ RO’LI

Bu’gingi ku’ni o’simli’k xam hayuanatlar dunyasının’ ta’biyiy tirishilik ortalıg’ın saqlap qalıwdın’ na’tiyjeli usıllarının’ biri qorg’alatug’ın ta’biyiy aymaqlar du’ziw bolıp esaplanadı. Olar jer betinde o’simlikler ha’m haywanatlar du’nyasının’ 80% in saqlap turıptı.

Xalıq aralıq usınıslarg’a muwapıq, qorg’alatug’ın zonalardın’ biologiyalıq ko’p tu’rlilikti saqlawdı ha’m ma’mleket ushın og’ada a’hmiyetli ekologiyalıq protsesslerdi qollap-quwatlawdı ta’miyinlew ushın za’ru’r aymag’ı pu’tkil ma’mleket aymag’ının’ 10% a’tirapında bolıwı tiyis.

Ha’zirgi waqıtta O’zbekstandag’ı QTA sistemasına 8 ma’mleketlik qorıqxana, 1 biosferalıq rezervat, 2 ta’biyat parkleri, 5 ma’mleketlik ta’biyat estelikleri, 12 zakaznik, 1 siyrek ushırasatug’ın haywan tu’rlerinin’ ta’biyiy pitomnigi, sonday-aq, suw resursların qorg’aw boyınsha arnawlı zonalar, atap aytqanda: bes da’ryanın’ suw qorg’aw zonaları menen jag’alıq zonaları, sonday-aq, jer astı dushshı suwları qa’liplesetug’ın 11 zona kiredi. QTA dın’ ulıwma maydanı 25813,41km² di quraydı (ma’mlekettin’ 5,75% ti), al turaqlı basqarılatug’ın QTA (yag’nıy, qorıqxanalar menen milliy parkler, tiyislisinshe MSOP klassifikatsiyası boyınsha QTA dın’ I ha’m II kategoriyalarına kirgiziletug’ın) maydanı — 8068,76 km² (1,8%).

Ha’zirgi waqıtta Qaraqalpaqstan Respublikasında 1 To’mengi A’miwda’rya biosferalıq rezervatı ha’m 2 buyırtpaxana – Sudoche ornitologiyalıq ha’m Saygachiy buyırtpaxanası sho’lkemlestirilgen bolıp, olardın’ haywanatlar ko’p tu’rliligin qorg’awda roli ju’da’ u’lken.

Landshaft — geografiyalıq tu’sinik. Landshaftı sıpatlawda – relef, gidrografiya, topıraqlar, flora ha’m faunanın’ xarakterli wa’killeri a’hmiyetli sanaladı.




4-su’wret. Landshaftlı ko’ptu’rlilik.

Landshaftlıq jandasıwda olardı jer u’sti (tundra, dalalar, sho’ller, tog’aylar), dushshı suwlı (da’ryalar, o’zekler, ko’ller, vetlandlar) ha’m ten’iz landshaftları (ashıq okean, ten’izler) dep ajıratıw qabıl etilgen.

Qaraqalpaqstan aymag’ın bir neshe fizikalıq-geografiyalıq rayonlarg’a bo’liwge boladı: U’stirt tegisligi, A’miwda’ryanın’ ha’zirgi deltası ha’m alapları, Arqa-Batıs Qızılqum ha’m qaldıq pa’s tawlar.

***U’stirt tegisligi*** biyikligi 300 m ge (ortasha biyikligi — 100-200 m) jetetug’ın bir tutas tegisli’q bolıp esaplanadı, onda ba’lentligi 292 m ge shekemgi bir qatar to’beli’qler (Aqtumsıq, Qarabawır) ja’ne bir neshe suwsız oypatlar bar, olardın’ en’ irilerine Barsakelmes (- 50 m) ha’m A’seke-Awdan (- 29 m) kiredi. Tegisli’q Aral ten’izinde ha’m A’miwda’rya deltasında tik teksheler (chinkler) menen tamamlanadı. U’stirttin’ qubla-shıg’ısında Sarıqamıs shuqırlıg’ının’ arqa bo’legi jaylasqan. U’stirttin’ ayırım jerleri topıraq qatlamı boyınsha bir-birinen a’dewir ajıraladı. Sur-boz, ko’binese kebirlew, ayırım jerlerde taslı topıraqlar ko’birek. Taqırlar, kebirli’qler ha’m qumlarda (do’n’li, dizbekli) barshılıq; oypatlarda bolsa kebirlikler bar. Iqlımı keskin kontinentallı bolıp, jazı qurg’aq

ja’ne ıssı boladı. Aymaqta jawın-shashın og’ana za boladı — ortasha jıllıq mug’darı 100 mm a’tirapında, onın’ ko’pshili’q bo’legi ba’ha’r ma’wsimine tuwra keledi (mart-aprel ayları). A’dette turaqlı qar qatlamı qa’liplespeydi. Suw ta’miynatının’ birden-bir deregi 6-20 m teren’li’qte jaylasqan jer astı suwları bolıp esaplanadı. O’simli’q qaplamının’ tarqalıwı topıraq tu’rine baylanıslı. Ma’selen, juwsanlı-boyalıshlı assotsiatsiyalar a’dette shorlanbag’an jerlerde o’sedi, biyurgunler – kebir jerlerde, ku’yrewik, biyurgun menen juwsan – kem shorlang’an jerlerde, al seksewil – onsha rawajlanbag’an mayda dizbekli qumlarda o’sedi.



5-su’wret. U’stirt platosı.

U’stirttin’ o’simlik qaplamı tu’rlerdin’ sanı boyınsha ha’m o’simlik qaplamının qalın’lıg’ı boyınsha jarlı. U’stirt florası 600 ge shamalas tu’rdegi joqarı da’rejeli tamırlı o’simliklerdi o’z ishine aladı, olardın’ ishinde tiykarg’ıları soralar (20%), quramalı gu’llıler (14%), g’a’lleler (10%) ha’m atanaq gu’lliler (9%) bolıp, olar fauna ko’p tu’rliliginin’ yarımınan aslamın quraydı. En’ ko’p tarqalg’an toparlarg’a juwsan, kewrewik, astragal ha’m alabuta kiredi.

U’stirtte quslar faunası ju’da’ az. Jıldın’ tu’rli ma’wsimlerinde bul jerde 200 den aslam qus tu’rleri ushırasatug’ın bolsa da, olardın’ 52 tu’ri uyalaydı. Bul

tiykarınan shımshıq ta’rizliler ha’m jırtqısh quslar bolıp esaplanadı. Tegisliktegi saz topıraqlı sho’lde ko’birek jasaytug’ın quslarg’a – jorg’a tuwalaq, qara bawır buldırıq, qıl quyrıq suw buldırıg’ı, sur torg’ay kiredi. Taslı jerlerde shaqlı torg’ay ha’m atko’nek, al mezofil dala pa’sli’qlerinde sho’l ha’m dalalarg’a birdey ta’n bolg’an tu’rlerden — torg’aylar, jılqıshı, tentek qus, o’pepek, kamenka-plyasunya ushırasadı. Sho’l putaları o’sken jerlerde sho’l slavkası menen alatog’anaq, al bo’lek-bo’lek relefli uchastkalarda — bayıwlı, u’ki, sho’l quzg’ını, pleshanka ushırasadı.

U’stirttegi su’t emiziwshiler faunası tipik sho’ldegidey: ala putorak, jın’g’ıl qum tıshqanı, Severtsov qosayaq tıshqanı ha’m kishkene qosayaq, tolay qoyanı, al burınları gepard jasag’an. Uzın iyneli kirpitiken ha’m qızıl quyrıq qum tıshqan ushırasadı. U’stirtte ha’mmesi bolıp su’t emiziwshilerdin’ 44 tu’ri esapqa alıng’an, sonın’ ishinde: kemiriwshiler - 17 tu’r, qoyan ta’rizliler - 1, jırtqıshlar - 12, jup tuyaqlılar - 3, ja’nli’q jewshiler - 5, jarg’anatlar - 6 tu’r. Kemiriwshiler U’stirttegi su’t emiziwshilerdin’ en’ ko’p sanlı toparı bolıp esaplanadı, a’sirese qosayaq tıshqanlar og’ada ko’p.

***Arqa-batıs Qızılqum*** oylı-ba’lentligi, relefinin’ eol formalarının’ ken’ tarqalg’anlıg’ı ha’m sho’ldin’ qumlı tu’ri ko’birek bolıwı menen sıpatlanadı. Qaraqalpaqstandag’ı Qızılqum florası sho’ldin’ ekologiyalıq sharayatlarına sa’ykes keledi, sonlıqtan ondag’ı tu’rler quramında kserofitler menen psammofitler ko’pshili’qti quraydı. Sho’ldin’ qumlı tu’ri menen bir qatarda bul jerde saz topıraqlı, gipsli ha’m kebir topıraqlı tu’rler de ushırasadı. Usıg’an baylanıslı florada o’simli’qlerdin’ galofitli ha’m gipsofitli tu’rlerinin’ qatnasıwı bayqaladı.

Arqa-batıs Qızılqumda u’sh tu’rli landshaft bar: 1) Aral ten’izine tutasqan ha’m bu’gingi ku’nde qurg’ap qalg’an ten’iz tu’binde payda bolg’an Aralqum menen qosılıp ketken qumlı-saz topıraqlı ten’iz boyındagı tegisli’q; 2) Qızılqumnın’ o’zindegi dizbekli qumlardın’ ken’ massivleri ha’m 3) Sırda’ryanın’ jog’alıp ketken tarmag’ı Jan’ada’rya menen A’miwda’ryanqın’ eski Aqshada’rya deltasındag’ı allyuvial tegisli’q. Tegisli’qtin’ bir pu’tinligin ko’p sanlı tuyıq oypatlıqlar ha’m Beltaw (uzınlıg’ı derli’q 100 km, eni 1-2 km, biyikligi 70-80 m)

ha’m Sultanwa’yistaw (uzınlıg’ı 40 km, eni ortasha 10-15 km, en’ biyik jeri 485 m) qaldıq to’beli’qleri buzıp turadı.  Qaldıq to’beli’qler ha’m olarg’a tutas eski delta tegisli’qlerinin’ bo’lekleri ekollogiyalıq sharayatları boyınsha ha’r tu’rli bolsa da, qorshag’an ortalıq sharayatları ha’m olardın’ ta’biyatına texnogen ta’sirler tu’ri boyınsha turaqlılıg’ı olardı birlestirip turadı. Bul aymaqlardag’ı o’simli’qler qaplamının’ jag’dayı jıl sayın ku’sheyip baratırg’an tikkkeley antropogen ta’sirlerge baylanıslı. Bul jerlerde jiyi jaylasqan awıllardın’ a’tirapında insannın’ keri ta’siri ayırıqsha ko’zge taslanadı.



6-su’wret. Qızılqum sho’li.

Qızılqumda Qaraqalpaqstannın’ jabayı florasınan (mın’nan aslam tu’rden) tek g’ana 700 tu’ri o’sedi. Olar tipik sho’l tirishili’q formalarınan turadı. Olardın’ yarımınan aslamın sho’p o’simli’qleri (soralar, taranlar ha’m quramalı gu’lliler semeystvolarının’ wa’killeri), tu’rlerdin’ to’rtten birinen azırag’ın putalar, qalg’an bo’legin yarım putalar ha’m putashalar quraydı. Jer bawırlawshılardan bul jerlerde a’dette Orta Aziya tasbaqası, sho’l agaması, kesirtkeler, oq jılan jasaydı. Su’t emiziwshilerden tolay qoyanı, jın’g’ıl ha’m yarım ku’n qum tıshqanları, qosayaq tıshqanlar, siyrek shag’al, tu’lki ushırasadı. Keyingi jıllarda bul aymaqta qaraquyrıq kiyiktin’ ko’beygenligi ko’zge taslanbaqta.Jaqın waqıtlarg’a shekem

Qızılqum sho'li 5-25 km ken'li'qte Aral ten'izinin' qubla-shıg'ıs ta'repin orap alıp, da'rya an'g'arlarındag'ı allyuvial tegisli'qler menen Aqshada'rya deltasına qosılıp ketken edi. Onın' ko'pshili'q bo'legi onsha biyik bolmag'an qum dizbeklerinen ibarat edi. Tegis ko'l ko'rinisindegi shuqırlıqlar jaqsı rawajlang'an biyurgun ha'm jalan'ash taqırlarda pa's seksewil menen qaplang'an taqırlar menen ba'nt bolg'an. O'simli'q qaplamında juwsan o'setug'ın qumlı taqırlar ko'p bolg'an. Tıg'ızlang'an qum uchastkalarında qara seksewil tarqalg'an edi. Jan'ada'ryanın' allyuvial tegisligindegi ken' taqırlarda da'slepkilerden bolıp biyurgun ko'beygen. Qızılqum sho'lindegi qumlardag'ı — biyik qum dizbeklerindegi — o'simli'q qatlamı tiykarınan aq seksewilden ibarat bolg'an. Biraq 1988 jılı Qaraqalpaqstannın' on' jag'alıqtag'ı tu'sli'q rayonlarınan kollektor-drenaj suwların alıp shıg'ıw maqsetinde usı aymaq arqalı Aqshada'ryanın' esi an'g'arı boylap kanal qazıldı, kanaldın' rekonstruktsiyası 2006 jılı drenaj ha'm infradu'zilmeni rekonstruktsiyalaw ha'm vetlandlardı qayta tiklew joybarının' birinshi fazası shen'berinde tamamlandı. Son'g'ı jıllarda bul joybar boyınsha Tu'sli'q Qaraqalpaqstan magistral kollektorının' Jan'ada'rya an'g'arına suw alıp baratug'ın qalg'an bo'legi tamamlandı. Qızılqum ishindegi kollektor kanallarının' ulıwma uzınlıg'ı 250 km den asıp ketti. Kollektor-drenaj suwlarının' komandalıq zonasınan alıp shıg'ılatug'ın suwdın' jıllıq mug'darı suw ta'miynatına baylanıslı bolıp, suw ko'p bolg'an jılları ol 750 mln kub.m den asıp ketedi. Kollektor trassası boylap ko'plegen vetlandlar payda boldı, olardın' ulıwma maydanı 9 mın' gektardan asıp ketti. Arqa Qızılqum aymag'ın suwlandırıw onın' ekosistemalarında tu'pkili'qli o'zgerislerge alıp keldi: batpaqlıqlar ju'zege keldi, vetland jag'alarında qamıslıqlar, jekenli'qler  payda boldı, al suw jag'alarında siyrek o'sken jın'g'ıl ha'm aqbas putaları ko'p. 1980-jıllardın' aqırında jer astı suwları ko'beyip ketiwi ha'm topıraqlardın' shoralanıwı na'tiyjesinde  sho'ldegi jaylawlar ko'lemi qısqarıp ketti. Qızılqumnın' arqa bo'legindegi haywanatlar du'nyası o'zine ta'n sho'l tu'rleri menen sıpatlanadı.

***Aral ten'izinin' qurıp qalg'an bo'legi – jan'a Aralqum sho'li* —** isannın' ta'biyatqa ta'sirin' ku'sheyiwi, A'miwda'rya menen Sırda'rya suw resurslarının'

jo’nsiz ısırap etiliwi na’tiyjesinde Aral ten’izinin’ qurıp qalıwı sebepli payda bolg’an. Ten’izdin’ qurıp qalg’an bo’legi U’lken Aral (Shıg’ıs basseyn) suw qa’ddi ko’leminin’ (akvatoriyanın’) qısqarıp barıwı esabınan jedel ken’eyip barmaqta. Bu’gingi ku’nge kelip, ha’r qıylı mag’lıwmatlar boyınsha, O’zbekstan aymag’ındag’ı Araldın’ qurıp qalg’an bo’liminin’ maydanı 4 mln. gektardan asıp ketken.



7-su’wret. Aralqum sho’li.

Aral ten’izinin’ qurıp qalg’an tu’bindegi flora az sanlı tu’rler, a’piwayı ekosistema menen sıpatlanıp, bul olardın’ turaqsız ekenligin ko’rsetedi. Qurıp qalg’an ten’iz tu’bi maydanının’ tek 20-30% g’ana og’ada siyrek sho’l o’simli’qleri menen qaplang’an. Sonlıqtan da bul aymaq ku’shli samal eroziyası ha’m duzlı shan’lar ko’teriliwi menen ajıralıp turadı. Aral ten’izinin’ qurıp qalg’an bo’limindegi ekologiyalıq jag’daydın’ keskinligi ba’rinen de burın onın’ geografiyalıq jaqtan evraziya kontinentinin’ qurg’aq zonasında, tiykarg’ı ıg’allıq derekleri bolg’an okaeanlardan uzaqta jaylasqanı menen belgilenedi.

Atawlar zonası — burıng’ı Vozrojdenie, Lazarev ha’m t.b. jerlerde tiykarınan biyurgun, keyrewik, koster krovelnıy, arpag’an, qara seksewildin’ siyrek putaları tarqalg’an. Qum dizbekleri menen atawdag’ı qumlarda sho’lge ta’n

kserofil o’simli’qlerden – qara seksewil, sherkez, boyalısh, ju’zgin, qandım o’sedi. Ulıwma alg’anda, tiykarg’ı atawlarda, qurg’ap qalg’an ten’iz qoltıqlarında ha’m qurıp qalg’an Aral ten’izi tu’binin’ qubla ta’repindegi aymaqlarda 47 tuwısqa ha’m 17 tuqımlasqag’a tiyisli 64 tu’rdegi joqarg’ı osimli’qler esapqa alıng’an: solardın’ ishinde ag’ashlar – 1 tu’r, putalar ha’m putashalar – 18, yarım putalar ha’m yarım putashalar – 4, ko’p jıllıq sho’pler – 18, bir jıllıq sho’pler - 22 tu’rdi quraydı.

Bul sharayatlar ayırım haywanat tu’rlerinin’ tarqalıwına ha’m sanına ta’sir jasadı. Araldın’ qurıp qalg’an tu’bindegi tiykarg’ı ataw zonası faunasının’ o’zine ta’n belgisi atawda u’lken qum tıshqannın’ joq ekenligi bolıp esaplanadı. Sarı balpaq tıshqan menen qızıl quyrıqlı qum tıshqanı pu’tkil tegisli’q aymaqta tarqalg’an. Olar menen bir qatarda da’nge bay ala puta ko’p o’sken buryanniklerde u’y tıshqanı jasaydı. Tegisli’qlerde bolsa kishkene qosayaq tıshqan ha’m sayg’aq jasaydı. Siyrek don’ız, qasqır, porsıq, tu’lki ha’m shag’al ushırasadı. Jer bawırlawshılardan jıldam ha’m orta kesirtkeler, sur gekkon ha’m takır domalaqbası, oq jılan, ala suwjılan og’ada ko’p. Aralqum aymag’ı boylap quslar ken’ tarqalg’an. Bunda tiykarınan ko’p sanlı mayda shımshıq ta’rizliler, ku’ygelek, bayıwlı, qara uzınqanatlar jasaydı. Aral ten’izinde 2006-2007 jj. ba’ha’rde ha’m jaz baslarında atawlar a’tirapında ha’m batıs jag’alıq boylap qızıl g’azlar menen torı ala g’azlar ushırasqan, olar bul jerlerge ten’izde 1998 jılı payda bolg’an mayda shayan - artemiya menen azıqlanıw ushın kelgen. Jırtqısh quslar – bu’rkitler, aqsar, sarısar ha’m u’ki qumnın’ ataw bo’leginde biren’-saran’ ushırasadı.

Sho’llerdegi o’simlik qaplamının’ baslı xojalıq a’hmiyeti sonnan ibarat, ol mallar ushın ot-jem boladı ja’ne samal menen ushıp ketiwine tosıq jasap, qumlardı jaqsı bekkemleydi.

Jer u’sti qalın’lıg’ı 5 sm ge shekem jetetug’ın duz qabıg’ı menen qaplang’an.

**Tog’aylar** – bul Oraylıq Aziyadag’ı da’ryalardın’ alaplarında tarqalg’an ag’ash-putalıqlardan ibarat ormanlar bolıp esaplanadı. Olar da’ya jag’alarında, atawlarda ha’m pa’sli’qlerde ensiz lenta (sızıq) bolıp o’sedi. A’dette tog’ay qalın’ o’sken, o’tiw qıyın bolg’an, shırmawıqlar menen oralg’an toran’g’ıl, tal ha’m

jiyde, ja’ne iri putalar – jın’g’ıl, shen’gelden ibarat boladı. Al ıg’al jerlerdegi ag’ashlar arasında qamıs penen kendir o’sedi.

Tog’aylar ha’m batpaqlı qamıslıqlar burınları A’miwda’rya deltasına ta’n bolıp, og’ada u’lken maydanlardı iyelegen.

«Tog’ay» termini ulıwma alg’anda tog’ay biotsenozına tiyisli dep ju’ritilse de, ekologiyalıq ko’z qarastan alg’anda bul ashıq suwdan qumlı yamasa qayır topıraqlı jag’alarg’a ha’m jag’a boylarına, qamıslıqlarg’a, an’g’ar boylarındag’ı bo’lek tog’aylarg’a, suwsızlıqqa shıdamlı putalarg’a ha’m sho’l biotsenozlarına o’tiwdi o’z ishine alatug’ın a’dewir quramalı du’zilis bolıp esaplanadı. Bul ekosistemalar burınları Orta Aziya aymag’ında a’dewir ken’ tarqalg’an edi, biraq ha’zirgi waqıtta da’ryalar basseynlerinin’ a’tiraplarında kishkene uchastkalar tu’rinde g’ana saqlanıp qalg’an. Ma’selen, 1998-jılı tog’aylardın’ maydanı olar XX a’sir baslarında iyelegen maydannın’ 10% nen de kem boldı. A’miwda’ryanın’ suw ag’ımın ta’rtiplestiriw, suwg’arıp egiletug’ın diyxanshılıqtın’ rawajlanıwı da’ryanın’ to’mengi jag’ında tog’ay maydanlarının’ keskin kemeyip ketiwine alıp keldi. 1930-jıllardın’ baslarında bul jerdegi tog’aylar maydanı 300 mın’. ga bolg’an bolsa, bu’gingi ku’nge kelip ol 33 mın’ gektardan aspaydı. Tek 1960-jılg’a salıstırg’annın’ o’zinde to’mengi A’miwda’rya a’tiraplarında tog’ay maydanlarının qısqarıwı 27% ke ten’ boldı. Suw basıw rejiminin’ buzılıwına baylanıslı jas tog’aylardın’ osip shıg’ıwı kemeydi yaki toqtap qaldı.

Saqlanıp qalg’an en’ iri uchastkalar Tu’sli’q Araldag’ı A’miwda’rya deltasında jaylasqan. Bul burınları deltada bar bolg’an maydanlardın’ 10% ti a’tirapındag’ı bir birinen ajıralıp qalg’an tog’aylar bolsa da, bu’gingi mag’lıwmatlarg’a qarag’anda, O’zbekstandag’ı barlıq tog’ay massivlerinin’ 75% ha’m ulıwma Orta Aziyadag’ı tog’aylardın’ 20% quraydı. Bul jag’day tog’ay ekosistemaların biologiyalıq ko’p tu’rlili’qti saqlap qalıwdın’ Milliy strategiyası ha’m Ha’reketler rejesi ta’repinen saqlap qalıw boyınsha keshiktiriwge bolmaytug’ın ilajlardı talap etetug’ın ekosistemalar sıpatında ta’n alınıwına tiykar boldı. Qızılqum sho’line tutas, A’miwda’rya jag’alarında jaylasqan en’ iri tog’ay massivleri ha’m sho’ldin’ o’zi du’nya ju’zili’q a’hmiyettegi biologiyalıq ko’p

tu’rlilik obektleri dep ta’n alındı ha’m "WWF Global 200" dizimine kirgizildi (Ekoaymaq-134: Orta Aziya sho’lleri, sonın’ ishinde tog’aylar).

A’miwda’rya deltasındag’ı tog’aylardın’ faunasında 27 tu’rdegi su’t emiziwshiler bar, bul Qaraqalpaqtsandag’ı barlıq su’t emiziwshiler tu’rlerinin’ 40% quraydı. Baday-tog’aydag’ı ha’m basqa da tog’aylardag’ı o’tiw qıyın uchastkalarda shag’al jiyi ushırasadı. Putalıqlarda porsıq, siyrek qamıs pıshıg’ı menen tu’lki jasaydı. Ja’nli’q jewshilerden tog’aylarda qulaqlı kirpitiken menen ala putorak ushırasadı. Kemiriwshilerden tolay qoyanı ha’m u’y tıshqanı ju’da’ ko’p; a’piwayı sanda plastinka tisli alaman, yarım ku’n qum tıshqanı ha’m t.b. ushırasadı. Tog’aylardın’ barlıq jerinde tuyaqlı haywanlardan don’ız ha’m Baday-tog’ayda – Buxara suwını jasaydı. Don’ızlar tek g’ana tog’aylarda jasap, jeken ha’m qamıs tamırları menen, al gu’zde jiyde miyweleri menen azıqlanadı. Baday-tog’ay qorıqxanası aymaqlıq ha’m du’nya ju’zili’q biologiyalıq ko’p tu’rlili’q ushın a’hmiyetli bolg’an, buxara suwınının’ du’nyadag’ı en’ iri populyatsiyası (2010-jılg’ı esapqa alıw boyınsha – 552 bas) saqlanatug’ın orın sıpatında u’lken a’hmiyetke iye. Buxara suwını og’ada awır jag’dayda ha’m pu’tkilley jog’alıp ketiw qa’wpi astında qalg’an, global biologiyalıq ko’p tu’rlili’q ushın u’lken a’hmiyetke iye haywan sıpatında Xalıq aralıq ta’biyattı qorg’aw awqamının’ abıroylı taksonlarına, XTQA Qızıl kitabına, Oraylıq Aziya ma’mleketlerinin’ ha’zirgi Qızıl kitaplarına kirgizilgen.

Tog’aylarda aymaqtag’ı jer-suw haywanlarının’ eki tu’ri de – jasıl qurbaqa ha’m ko’l baqası jasaydı. Jasıl qurbaqa tog’ay a’tiraplarında tarqalg’an, al ko’l baqası bolsa tu’rli suw saqlag’ıshlar boylarında jasaydı. Baday-tog’ayda ko’l baqası Ko’kda’ryanın’ sayız suwlı tarmaqlarında ha’m ha’r tu’rli waqıtsha shalshıq suwlarda ko’p tarqalg’an. Tog’aylarda, a’sirese, Baday-tog’ayda ha’m onın’ a’tiraplarında gerpetofauna tolıg’ıraq ko’zge taslanadı: Qaraqalpaqstanda belgili bolg’an 30 tu’rden 25 tu’ri esapqa alıng’an. Tog’ay shetlerinde sho’l agaması ha’m Orta Aziya tasbaqası jiyi ushırasadı. Tog’aylardın’ tipik wa’killeri qatarına jıldam ha’m sızıqlı kesirtkeler, sonday-aq, qulap qalg’an jaylardın paqsalarında jasawshı kaspiy gekkonı kiredi. Jılanlar siyrek ushırasadı. Tog’ay a’tirapındag’ı tal putaları

arasında anda-sanda oq jılan ushırasadı. Suw jılanı tog'aylardag'ı tu'rli suw dereklerinin' jag'alarında tirishili'q etedi; Baday-tog'ayda ol Ko'kda'rya an'g'arının' jag'alarındag'ı ag'ash tamırlarının' arasında turaqlı jasaydı. Ala jılanlardan tog'ayda ko'birek nag'ıslı ala jılan ushırasadı. Qurg'aq sazlı ha'm qumlı uchastkalardag'ı jerge tu'sken japıraqlar arasında sho'l gologlazı jasaydı.

Qaraqalpaqstanda saqlanıp qalg'an tog'aylardın' ha'mmesi de ol yaki bul da'rejede A'miwda'rya ha'm onın' gidrografiyalıq tarmag'ına (kanallar menen ko'llerge), da'ryanın' jag'dayına ha'm ondag'ı suw rejimine baylanıslı, sebebi A'miwda'rya putkil aymaqtag'ı birden-bir suw deregi bolıp esaplanadı.

**Suw ekosistemaları (Aral ten'izi, A'miwda'rya ha'm ko'ller).** Aral ten'izi ha'zirgi ku'nde u'sh akvatoriyag'a bo'lingen: arqada Kishi ten'iz; U'lken ten'izdin' Batıs ha'm Shıg'ıs basseynleri; Kishi ten'izdi, ha'zir Arqa Aral ten'izi (AAT) dep ataydı, bu'gingi ku'nde ol Araldın' qalg'an bo'leginen 2005 jılı qurılg'an Ko'karal plotinası menen ajıralıp turadı. Usı plotina sebepli Kishi Aralda Sırda'ryadan ag'ıp keltug'ın suw toplanadı, suw dushshılanadı (15 g/l den to'men). Akvatoriyası 3250 kv/km ge jetti, suw qa'ddi U'lken Aralg'a salıstırg'anda 14 metrden aslam joqarı. İxtiofaunanın' kem-kemnen qayta tikleniwi ko'zge taslanadı, bul jerde kambala balıg'ı awlanbaqta.

U'lken Aralda bolsa, kerisinshe, suw qa'ddi barg'an sayın pa'seymekte, suwdın' duzlılıg'ı aspaqta. Batıs basseyndegi suwdın' duzlılıg'ı 150 g/l ge jetti. U'lken ten'izdin' (Shıg'ıs basseyn) O'zbekstan aymag'ındag'ı shıg'ıs bo'legi derli'q qurıp qaldı. U'lken Araldag'ı suwdın' duzlılıq da'rejesinin' o'sip barıwı aqıbetinde ten'izdegi ko'p tu'rlili'q qısqarıp ketti, balıq resursları nabıt boldı. Ten'izden balıq awlaw 1983-jılı toqtatıldı. Ha'zirgi suw duzlılıg'ı sharayatında tek g'ana duzdı jaqsı ko'retug'ın kishkene shayan – artemiya jasaydı, ol bul jerde 1998-jılı payda bolg'an. Burınnan da sayız bolg'an Shıg'ıs basseynde, tek kosmostan alıng'an su'wretlerde g'ana kishkene ıg'al maydan ko'zge taslanadı.




8-su’wret. Aral ten’izi.

Ondag’ı suw, a’lbette, rapa (duzlarg’a toyıng’an aralaspa) bolıp esaplanadı, sebebi 2008-jılı jazdın’ o’zinde-aq Vozrojdenie atawının’ qaldıq jag’a uchastkalarında suwdın’ duzlılıq da’rejesi 160 g/l den asıp ketti, al geypara jerlerde 183 g/l ge jetti.

A’miwda’rya rejiminin’ o’zgeriwi onın’ basseynindegi a’jayıp ekosistemalar menen haywanatlar ha’m o’simli’qlerdin’ endemik tu’rlerinin’ jog’alıp ketiwine alıp keledi. A’miwda’ryanın’ delta zonasındag’ı ekosistemalarg’a 2000-2002-jıllardag’ı suwsızlıq ju’da’ ko’p zıyan keltirdi. Ten’iz boyı zonasındag’ı ko’ller menen suwlı-batpaqlı jerlerdin’ ko’pshiligi nabıt boldı, aqıbetinde biologiyalıq resurslardın’ ko’p mug’darda joq bolıp ketiwine ja’ne o’zin qayta tiklew protsessinin’ buzılıwına alıp keldi. A’sirese balıq resursları ko’p zıyan ko’rdi.

Suw aydınlarındag’ı o’simli’qler du’nyası to’mengi A’miwda’ryadag’ı gidrologiyalıq rejimnin’ qayta qurılıwı sebepli a’dewir da’rejede azayıp ketti. 1980-jıllardın’ ortalarına shekem olar ju’da’ ko’p o’setug’ın edi ja’ne suw astında ha’m yarım suw sha’rayatında o’setug’ın o’simli’q tu’rleri og’ada ko’p edi. Keyingi waqıtlarda ko’pshili’q suw aydınlarındegi flora sapa jag’ınan da, san jag’ınanda to’menlep ketti. Yarım suw sha’rayatında o’setug’ın o’simli’qler barlıq ko’llerde de birdey, o’zgesheligi - usı o’simli’qlerdin’ rawajlanıw da’rejesinde. Barlıq ko’llerde ken’ tarqalg’an ha’m ko’p o’setug’ın o’simli’q nar qamıs bolıp esaplanadı. Nar qamıs sıyaqlı, jeken ha’m qamıs barlıq suw saqlag’ıshlarda ushırasadı, biraq tiykarınan nar qamıslıqlar arasında bo’lek-bo’lek massivlerde o’sedi. 1950-60-jıllarda A’miwda’rya deltasındag’ı suw saqlag’ıshlarda qamıstın’ o’nimdarlıg’ı keptirilgen halında 30-40 t/ga bolg’an. Ha’zirgi waqıtta bul o’simli’qlerdin’ o’nimdarlıg’ı derli’q 30-50% ke kemeyip ketken.

Suw aydınlardag’ı haywanatlar du’nyası suwda ha’m suw tu’binde jasytug’ın omırtqasız haywanlardın’ salıstırma u’lken ko’p tu’rliligi menen belgilenedi. Bul organizmlerdin’ ko’pshiligi balıqlardın’ azıqlanıw obektleri bolıp esaplanadı.

To’mengi A’miwda’ryanın’ balıqlar du’nyası onsha ko’p bolmag’an balıqlar tu’rleri ha’m aymaqtag’ı barlıq suw saqlag’ıshlarda bir-birine uqsaslıg’ı menen sıpatlanadı. Ha’zirgi waqıtta A’miwda’rya basseyninde 11 semeystvog’a tiyisli 51 balıq tu’ri jasaydı. Solardan to’mengi ag’ımda 40 qa jaqın tu’ri ushırasadı. A’miwda’ryanın’ tegisli’q bo’leginde jasawshı aborigen balıqlardan Aral basseyninin’ derli’q barlıq endemikleri ju’da’ jaman awhalda. A’miwda’ryanın’ reli’qt endemikleri – u’lken A’miwda’rya jalg’an beltumsıg’ı ha’m kishi A’miwda’rya jalg’an beltumsıg’ı, Aral basseyninin’ endemigi - shortan ta’rizli aq marqa, sonday-aq, su’wen ha’m bekire populyatsiyalarının’ sanı keskin kemeyip ketti. O’zbekstannın’ Qızıl kitabının’ dizimine (2006) A’miwda’rya basseynindegi balıqlardın’ 15 tu’ri ha’m kishi tu’rleri kirgizilgen. A’miwda’ryanın’ roli tek g’ana suw ta’miynatı deregi sıpatında emes, al da’rya an’g’arında ko’beyetug’ın balıqlar (aq tolstolobik, aq amur, aq tıran shabaq ha’m t.b.) ha’m uwıldırıq shashılg’an

jerlerden delta zonasındag'ı ko'llerge tu'setug'ın shabaqlar ushın o'tkel kanal retinde de a'hmiyetli. Sonlıqtan da Tu'sli'q Aral boyındag'ı suw saqlag'ıshlar jag'dayı ha'm balıq resursları A'miwda'rya menen baylanıslı. Qaraqalpaqstan aymag'ında A'miwda'rya an'g'arının' Baday-tog'ay menen shegaralas uchastkası A'miwda'ryadag'ı balıqlar du'nyasın qorg'aw ha'm monitoring o'tkeriwdi sho'lkemlestiriw ushın qolaylı bolıp esaplanadı.

Su't emiziwshilerden, 1944-jılı Qaraqalpaqstang'a 355 danası alıp kelinip, beyimlestirilgen, qımbat terili haywan - ondatra suw ortalıg'ı menen tıg'ız baylanıslı. Ondatra yarım suwlı turmıs ta'rizin keshiredi, ko'ller menen kanallardın' jag'asına in quradı. Ol sayız (1-2 m teren'li'qtegi), qısta qatpaytug'ın, aylanba, qalın' o'simli'qler menen qaplang'an jag'alarda ko'birek ushırasadı. Ondatra terisin tayarlaw ko'lemleri a'sirese 1956-1957-jıllarda ko'p bolg'an – jılına 1 mln. bas ondatra awlang'an. Suw saqlag'ıshlardın' qurıp qalıwı ha'm ondatralar in qurıwg'a qolaylı jer maydanlarının' kemeyip ketiwi, sonday-aq, brakonerli'q ondatra resursların nabıt qıldı. Bu'gingi ku'nde ondatra awlaw tuwralı ra'smiy mag'lıwmatlar joq, biraq keyingi jıllarda A'miwda'ryanın' delta zonasındag'ı ko'plegen suw aydınlarda ondatranın' payda bolg'anlıg'ı ko'zge taslanadı.

Qaraqalpaqstannın' tiykarg'ı ishki suw ekosistemala-rı A'miwda'ryanın' deltalıq zonasında jaylasqan.

A'miwda'ryanın' shep jag'asında iri suwlı – batpaqlı orın 50 mın'. ga maydang'a iye Sudoche ko'li ha'm og'an jaqın 24 mın' ga maydang'a iye Xojako'l-Karajar ko'ller sisteması bar.

Deltanın' oraylıq boliminde ha'm on' jag'asında tiyqarg'ı ko'ller ha'm jasalma suw aydınlar bar: Mejdureche, Makpalko'l, Maypost-Domalak sisteması, sonday aq Moynak zalivi, Sarıbas, Jıltırbas ko'lleri (Aral ten'izinin' burıng'ı qubla qoltıqların suwlandırıw arqalı qayta tiklegen) jaylasqan. Olardın' ulıwma maydanı 200 mın' ga a'tirapında.

## 3.4. BIOLOGIYA PA’NLERINDE HAYWANLARDIN’ BIOLOGIYALIQ KO’P TU’RLILIGI TEMASIN MEKTEP OQIWSHILARINA U’YRETIW USILLARI

Biologiyali’q bilim ha`m ta`rbiya tuwrisindagi da`slepki a’piuayi tusinikler orta mektepte baslanadi. Mektepte o’tkeriletugin teoriyali’q ekologiya, biologiya pa`nleri tiykarinda oqıtılıp, oqıwshilardi miynet iskerligine tayarlaw, sirtki ortali’qti ıqtıyatlıq penen qorgawshılar etip ta`rbiyalaw jumisina ja`rdem beriw kerek. Bul jumislar barisinda qorg`alatug`in aymaqlar, olardin` waziypalari, islenip atirg`an jumislar tuwrali maglwmatlar menen tanistirip bariw, ila`ji bolsa sho`lkemlestirilip atirg`an biosferaliq rezervattin` ekologiyaliq soqpaqlari boylap sayaxatqa shig`iw jaqsi na`tiyjeler berer edi. Bul siyaqli jumislar rawajlang`an ma`mleketlerde ko`p jillardan berli jolg`a qoyilg`an.

Ha’r bir tu’rdin’ a’hmiyetliligin professor V. Flint bılay dep anıq ko’rsetedi: «Men tek g’ana professional biologtı emes, al qa’legen «a’piwayı adamdı», mug’allimdi, administrativli’q xızmetkerdi, mektep oqıwshısın, isshini, pensionerdi de qanaatlandıratug’ın juwaptı uzaq waqıtlar dawamında izledim. Ha’m bul juwap o’z-o’zinen, onın’ u’stine tosattan payda boldı. Bir saparı siyrek ushırasatug’ın tu’rler tuwralı ko’pshili’q aldında lektsiya oqıwg’a baratırıp men trotuarda ko’sheni kesip o’tiw ushın avtomobillerdin’ o’tip ketiwin ku’tip turg’an edim. Usı payıtta bir mashinanın’ astınan bir gayka ushıp shıg’ıp, menin’ ayag’ımnın’ astına domalap keldi. Da’rha’l, oylanıp turmastan, men onı qolıma aldım. Bul ha’r bir mashinada mın’lap bolatug’ın a’dettegi gayka edi. Onda zımırap o’tip ketken mashinanın’ jıllılıg’ı ele bar edi. Biraq mende tosattan bir oy payda boldı. Sebebi avtomashina — bul oylanıp islengen, maqsetke muwapıq, bekkem, quramalı sistema g’oy. Onda hesh qanday artıqsha detal joq, olardın’ ha’r biri belgili bir wazıypanı atqaradı, basqa detallar menen tıg’ız baylanıslı. Eger bir g’ana gayka jog’alg’an bolsa, demek, mashinanın’ ulıwma funktsiyalarının’ buzılg’anı. Bir qarag’anda elespesiz bolsa da, keyinirek a’lbette seziledi, bul — jamanlıqtın’ baslanıwı. Endi basqa gaykalarg’a da awırlıq tu’sedi, tag’ıda gaykalar tu’sip qaladı, na’tiyjede bul apatqa alıp keledi. Birden bolmasa da, sha’rtli tu’rde

ju’z beredi. Bizdi qorshag’an haywanat ha’m o’simli’qler du’nyası da sonday. Millionlag’an jıllar dawamında birgeli’qtegi evolyutsiya na’tiyjesinde og’ada quramalı biologiyalıq sistema ju’zege kelgen, ondag’ı ha’r bir tiri organizm yaki biologiyalıq tu’r belgili bir wazıypanı atqarıp, ulıwma pu’tkil sistemanın’ turaqlılıg’ın ta’miyinleydi. Bul sistemada hesh bir artıqsha na’rse joq, evolyutsiya ha’mmesin jay-jayına qoyg’an, ondag’ı bir g’ana buwınnın’ jog’alıp ketiwi sistemanın’ turaqlılıg’ına a’lbette ta’sir ko’rsetedi».

Mine bul aytilg’anlardi adamlar arasinda a’sirese  jaslar arasinda biologiyaliq ko’p tu’rlilikti qorg’aw boyinsha ta’lim-ta’rbiya ,bilim berip bariw og’ada a’hmiyetli waziypalardan esaplanadi. Biologiyaliq ha’r tu’rlilik ha’m oni qorg’aw pu’tkil du’nya ju’zlik a’hmiyetke iye ma’selelerden biri esaplanadi. A’sirese o’simlik ha’m haywanat du’niyasi ko’p tu’rliligi, olardin’ jog’alip baratirg’an tu’rlerin qorg’aw boyinsha Xaliqaraliq konventsiyalar, kelisimler du’zilgen bolip olarg’a O’zbekistan Respublikasi ha’m bul kelisim konventsiyalarg’a qosilg’an. O’zbekistan Respublikasi ha’m biologiyaliq ko’p tu’rlilikti saqlaw boyinsha Milliy da’stu’ri islenip shig’ilg’an. Bul da’stu’r tiykarinda haywanat a’lemine sipatlamalar beriw, haywanat tu’rlerinin’ ko’p tu’rliligin  qoriqxanalar a’hmiyetin mektep oqiwshilarina oqitiwdi sho’lkemlestiriw haywanlar klasi wa’killerinin’ biologiyasi, ekologiyasi, xojaliq a’hmiyetlerin oqiwshilar sanasinda qa’liplestiriw ha’m u’git na’siyatlaw  jumistin’ a’hmiyetli ta’replerinen biri.A’sirese OzR ha’m QR haywanat a’lemin qorg’awg’a qaratilg’an is-ilajlar ma’mleketlik ha’m ma’mleketlik emes,  ja’miyetlik ekologiyaliq sho’lkemler jumislari oqiwsholardi bilimlendiriw ha’m ekologoyaliq  ta’rbiyalaw, ekologiyaliq sanasin rawajlandiriwda a’miyetli ma’selelerinen biri esaplanadi.

Biologiyaliq bilim beriwde toplang’an mag’liwmatlar boyinsha mektep oqiwshilarina pedagogikaliq a’meliyat waqtinda pedogogikaliq texnologiyalardan paydalanip sabaq o’tiwdi sho’lkemlestiriw tiyis boladi.

Bunda biologiyaliq bilim ha`m ta`rbiya to`mendegi negizgi bolimlerde o`z ishine aladi:

1.Oqushilardi ta`biyat gozzalli’qlarin suyip, olardan estetikali’q zawıq alıw ruuxinda ta`rbiyalau.

2.Janli ha`m jansiz ta`biyattin’ rawajlaniu nızamlıqları ta`biyat penen ja`miyet ortasindagi kuramali oz-ara muna`sebetler sonday-ak insan xojali’q iskerliginin ta`biyat qa ta`siri akibetleri xaqqi’nda bilim beriw.

3.Oqıwshılarda ekologiyalıq ma`deniyattı ta`rbiyalaw. Ta’biyatti suyiw onnan tuwrya ha`m sanalı ra`wishte paydalana biliwdi ta`rbiyalau. Ekologiyali’q ta`rbiya ha`m ma`deniyattin negizi bolip esaplanadi. Watandi suyiu, watan parvorli’q ta`biyat ti suyiuden baslanadi. Insannin ta`biyat qushaginda boliui oni ruuxan tetiklestirip onin miynet kabilyatin ha`m tvorchestvali’q iskerligin asiradi. Ekologiyali’q ta`rbiya to`mendegi ma’selelrdi o’z ishine aladi:

a) Adamga arnauli ekologiyali’q bilim ha`m ta`rbiya beriw;

b) Ekologiyali’q ozgerislerdi aldinan boljaulau (kore biliudi) ta`rbiyalau;

v) Ekologiyali’q ma`deniyatti sindiriw ha`m ta`rbiyalau;

g) Adamlardi ta`biyat bayli’qlarinan (inamlarinan) tuuri paydalaniu ruxinda ta`rbiyalau.

Mektep ha’m litsey oqıwshıları «Jas ta’biyatshılar», «Jasıl patrullar», «Haywanlardı asırawshı janku’yerler», «Ana Jer patrulleri», «Taza hawa», «Ko’k suw» patrulleri, salamatlastırıw lagerlerinde du’zilgen «Ta’biyat ha’m fantaziya», «Jas fenologlar», «Ta’biyattı qorg’aw» sıyaqlı do’gereklerde arnawlı tayarlang’an «Jas ekologlar» oqıw da’stu’ri tiykarında korshag’an ortalıq mashqalaların ha’r ta’repleme u’yrenip barıwları kerek.

Jaslarda ekologiyalıq ta’lim – ta’rbiyanı ku’sheytiriw ekologiyalıq xarakterli, bilimli ha’m sheber, shaqqan etip tarbiyalaw ushın olarg’a «Qorshag’an ortalıq», «Ta’biyattı qorg’aw» ha’m «Ekologiyalıq ta’lim tiykarları» kursları tiykarında teren’ bilim beriw ha’m qa’biletli jaslardı xoshametlew jollarında islep shıg’ıwı sha’rt.

«Qorshag’an ortalıq», «Ekologiya», «Tog’ayshılıq», «Balıqshılıq», «Gu’lshilik», «Jipekshilik», «Qoyanshılıq», «Qusshılıq» sıyaqlı basqıshlar sho’lkemlestiriw menen jaslar qızıg’atug’ın ko’p qırlı «Ekologiya mektebi», «Ekologiya klubı», «Tayarlaw kursları» ashıp, keleshekte o’z ka’sibin su’yetug’ın sheber qa’niygeler tayarlaw kerek.

Ta’rbiyashı ha’m oqıtıwshının’ ta’biyat, o’simlik, haywanlar, suw, topıraq, taza hawag’a bolg’an unamlı qatnası, mehr-muhabbat oqıwshılarda da ta’biyatqa bolg’an intiliw, onın’ sırların u’yreniw arzıwların oyatadı. Bunın’ na’tiyjesinde ta’biyattı saqlaw, onnan dem alıw, sharshawın shıg’arıw ha’m insanlar salamatlıg’ın jaqsılawda paydalanıw mu’mkinligi anıqlanadı. İnsanlardın’ estetikalıq sezimleri o’sedi ha’m sol salamat ta’biyat gu’lleri, miywelerinen paydalanadı. Bul haqqında oqıtıwshının’ ta’biyattag’ı barlıqtı tuwrı halda oqıwshılarg’a tu’sindiriwi ekologiyalıq ta’lim-ta’rbiyanın’ a’melge asıwına alıp keledi. Bul jag’day: oqıtıwshı – oqıwshı – ta’biyat – ekologik ta’lim-ta’rbiya – tu’rli pa’nler menen baylanıslı halda alıp barıw jolı menen a’melge asadı.

Ekologiyali’q ta`rbiya akil ta`rbiyanin ajralmas bolegi. Оқыўшыларда i ekologiyali’q sana sezimde ekologiyali’q dun`ya қarasti payda kiliu ta`biyatti dialektik tusiniuge jerdem beredi. Ta`lim tarbiyanin` ha`mme baskishlarda ekologiyali’q bilimdi ha`m ta`rbiyani talap etilgen derejede emelge asiriw ushin bul uaziypanin za`rurligin jaksi biletugin jaslardi ta`rbiyalau za`rur.

# JUWMAQLAW

Qaraqalpaqstan Respublikası aymag'ında omırtqalı haywanlardın' 463 tu'ri esapqa alıng'an, sonın' ishinde: su't emiziwshiler – 68 tu'r, quslar – 317, jer bawırlawshılar - 33, jer-suw haywanları - 2, balıqlar – 43 tu'rdi quraydı. Omırtqasızlardın' ko'p tu'rliligi shama menen 3500 tu'rden aslam dep belgilenedi. En' u'lken ko'p tu'rlili'q ja'nli'qlerge tiyisli – 23 otryadqa tiyisli 1392 tu'r.

Qaraqalpaqstan aymag'ın bir neshe fiziko-geografiyalıq rayonlardan: U'stirt tegisligi, A'miwda'ryanın' ha'zirgi deltası ha'm Arqa-Batıs Qızılqumnan turadı. Olar o'zlerine say ra'n'be-ra'n' o'simli'qler ha'm haywanatlar du'nyasına iye.

Keyingi jılları Aral ten'izinin' qurıwı, ta'biyiy ekosistemalardın' degradatsiyag'a ushırawı ha'm nızamsız tu'rde haywanlardın' ko'plep awlanıwı na'tiyjesinde Qaraqalpaqstan Respublikasında jasawshı haywanlardın' sanı azayıp ketti, ha'tteki ayrım haywan tu'rleri ta'biyatımızdan pu'tkilley joq bolıp ketti (qulan, tarpan, turan jolbarısı, gepard, buxara suwını h.b.).

Jaqın o'tmishte bul aymaq awlanatug'ın haywanlardın' ko'pligi menen at shıg'arip kelmekte.

Balıq awlawshılıq tek balıq xojalıg'ı sho'lkemlerine bekitilgen balıqshılıq suw aydınlarında (uchastkalarında) g'ana a'melge asırıladı. Respubli'qamızda 75 balıqshılıq xojalıg'ınan bu'gingi ku'nde tek g'ana 18 xojalıq balıq awlawdı dawam ettirmekte.

Ha'zirgi waqıtta O'zbekstan Respublikasının' Qızıl kitabına (2009) Qaraqalpaqstandag'ı omırtqasızlardın' 15 tu'ri, su't emiziwshilerden - 11, quslardan - 40, balıqlardan - 12, jer bawırlawshılardın' 4 tu'ri kirgizilgen. Bul 82 tu'r ma'mleketimiz Qızıl kitabının' 44,5% quraydı.

Haywanat du'nyasın qorg'aw ha'm paydalanıw tarawındag'ı ma'mleketli'q basqarıw - O'zbekstan Respubli'qası Ministrler Kabineti, orınlardag'ı ma'mleketli'q ha'kimiyat organları, sonday-aq, arnawlı wa'killi'q berilgen ma'mleketli'q organlar ta'repinen a'melge asırıladı. O'simli'q ha'm haywanat du'nyasın qorg'aw ha'm paydalanıw tarawında arnawlı wa'killi'q berilgen

ma’mleketlik organlar - O’zbekstan Respublikası Ta’biyattı qorg’aw ma’mleketlik komiteti ha’m O’zbekstan Respublikası Awıl ha’m suw xojalıg’ı ministrligi janındag’ı Tog’ay xojalıg’ı Bas basqarması bolıp esaplanadı.

Biologiyalıq ko’p tu’rlilikti qorg’aw ha’m basqarıwda ja’miyetlik sho’lkemler menen jergilikli uyımlardın’ roli ju’da’ u’lken bolıp, ol to’mendegi na’tiyjelerdi beriwi mu’mkin: - İlajlardı tabıslı a’melge asırıw ushın mu’mkinshili’qler a’dewir da’rejede ko’beyedi; - Ja’miyetshili’qtin’ xabardarlıg’ı ku’sheyedi; - İdeyalardın’ birlesiwi ha’m sheshimler qabıllaw protsessi ushın za’ru’r bolg’an a’hmiyetli jergili’qli mag’lıwmatlar alınıwı; - Puqaralarg’a o’zlerinin’ demokratiyalıq huqıqlarınan paydalanıw mu’mkinshiliginin’ beriliwi.

Mektep ha’m litsey oqıwshıları «Jas ta’biyatshılar», «Jasıl patrullar», «Haywanlardı asırawshı janku’yerler», «Ana Jer patrulleri», «Taza hawa», «Ko’k suw» patrulleri, salamatlastırıw lagerlerinde du’zilgen «Ta’biyat ha’m fantaziya», «Jas fenologlar», «Ta’biyattı qorg’aw» sıyaqlı do’gereklerde arnawlı tayarlang’an «Jas ekologlar» oqıw da’stu’ri tiykarında korshag’an ortalıq mashqalaların ha’r ta’repleme u’yrenip barıwları kerek.

Oqıtıwshının’ ta’biyattag’ı barlıqtı tuwrı halda oqıwshılarg’a tu’sindiriwi ekologiyalıq ta’lim-ta’rbiyanın’ a’melge asıwına alıp keledi. Bul jag’day: oqıtıwshı – oqıwshı – ta’biyat – ekologik ta’lim-ta’rbiya – tu’rli pa’nler menen baylanıslı halda alıp barıw jolı menen a’melge asadı.

## O’mir qa’wipsizligi

O’zbekstan Respublikası Joqarı ha’m orta arnawlı bilim minisitrligi, puqaralıq qorg’anıwdın’ baslıg’ı A.Parpievtin’ 28.10.2008 j. №318 sanli buyrıg’ı ha’m universitet İlimiy Ken’esi (12.11.2008 j, №2 is qag’azı) qararı tiykarında tayarlang’an universitet rektoratı buyrıg’ına (13.11.2008 j. №120 D/1, §4) tiykarlanıp «O’mir qa’wipsizligi» pa’nin barlıq ta’lim bag’darları boyınsha talabalarg’a oqıw protsessinde u’yretiw ushın, magistr dissertatsiyasın ha’m bakalavr qa’nigelik pitkeriw jumısın orınlawda pa’nnin’ huqıqıy tiykarları kirgizildi.

“Ja’miyette puxaralardın’ huqıqları ha’m erkinliklerin qorg’aw ta’miyinlengende ol haqıqıy, huqıqıy puxaralıq ja’miyet boladı. Ha’r bir adam o’z huqıqların anıq biliwi olardan paydalana alıwı, o’z huqıqı ha’m erkinliklerin qorg’ay alıwı lazım. Bunın’ ushın da’slep ma’mleketimiz xalqının’ huqıqıy ma’deniyatın asırıw za’ru’r” (İ. Karimov. O’zbekstan XXI a’sirge umtılmaqta, 31 – bet).

XX a’sirdin’ 60 – jıllarınan baslap is ju’rgizip kelgen puxaralıq qorg’anıw sistemasının’ tiykarg’ı wazıypası tınıshlıq da’wirinde ha’m urıs jag’dayında ma’m-leket xalqın jalpı qırg’ın quralları ha’m basqa xu’jim qurallarınan qorg’aw, urıs jag’dayında xalıq xojalıg’ı obektlerinin’ turaqlı islewin ta’miyinlew ha’mde apatshılıq oshaqlarında qutqarıw ha’m tiklew jumısların o’z waqtında na’tiyjeli a’melge asırıwdan ibarat edi.

Biraq xalıq o’mirine tek jalpı qırg’ın quralları emes, ba’lkim basqa qa’wip – qa’terlerde qa’wip salmaqta, olardı na’zerden shette qaldırıw hasla mu’mkin emes. Bular ta’biyiy, texnogen ha’m ekologiyalıq qa’siyetli ayrıqsha jag’daylar bolıp tabıladı.

90–jıllarg’a kelip yadro urısı qa’wipi kemeyip, biologiyalıq qurallardan paydalanıw sheklep qoyıldı, jan’a – zamanago’y qural tu’rleri oylap tabıldı, olar adamlar ushın qa’wipli bolmay, ba’lki ekonomikalıq obektlerdi isten shıg’arıwg’a

qaratılg’an edi. Bulardın’ barlıg’ı puqaralıq qorg’anıw sisteması ornında jan’a bir sistema du’ziliw kerekligin da’llilep berdi.

Puqaralıq qorg’anıw ornın iyelewi mu’mkin bolg’an iri ko’lemdegi ayrıqsha jag’daylarg’a a’welden tayarlıqtı ta’miyinlewshi jan’a arnawlı ma’mleket sisteması iyelewi, ol tınıshlıq ha’mde urıs da’wirinde xalıqtı ha’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’awı lazım edi. Bul sistema xalıqtı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw ha’m qutqarıw jumısların o’tkerip qoymay, basqa a’hmiyetli ilajlardı: ta’biyiy apatlardan qa’wipli aymaqlar kartaların du’ziw, seysmikalıq bekkem bina ha’m imaratlardı qurıw, qısqa, orta ha’m uzaq mu’ddetli boljaw jumısların sho’lkemlestiriwi ha’m xalıq tayarlıg’ın a’melge asırıwı lazım edi.

Usı ornında ja’ne bir ma’seleni aydınlastırıp alıwg’a tuwra keledi. Ayrıqsha jag’day degen ne, onnan xalıqtı ha’m aymaqlardı qorg’aw degende neni na’zerde tutıwımız kerek?

Ayrıqsha jag’day – adamlar qurban bolıwı, olardın’ den sawlıg’ı yaki qorshag’an ortalıqqa zıyan tiyiwi, materiallıq shıg’ınlar keltirip shıg’ılıwı ha’mde adamlardın’ turmıs sharayatının’ izden shıg’ıwına alıp keliwi mu’mkin bolg’an yaki alıp kelgen avariya, apatshılıq, qa’wipli ta’biyg’ıy ha’diyse yaki basqa ta’biyiy apatshılıq na’tiyjesinde belgili bir aymaqta ju’zege kelgen jag’day.

**Xalıqtı ha’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw** – ayrıqsha jag’daylardın’ aldın alıw ha’m olardı saplastırıw ilajları, usılları, qurallar sisteması, ha’reketler birlesigi.

**Ayrıqsha jag’daylardın’ aldın alıw** – aldın ala o’tkerilip, ayrıqsha jag’daylar ju’z beriwi qa’wipin mu’mkinshiligi bolg’ansha kemeytiwge, bunday jag’daylar ju’z bergen ta’g’dirde bolsa adamlar den sawlıg’ın saqlaw, qorshag’an ta’biyiy ortalıqqa tiyetug’ın zıyan ha’m materiallıq shıg’ınlar mug’darın kemeytiwge qaratılg’an ilajlar kompleksi.

**Ayrıqsha jag’daylardı saplastırıw** – ayrıqsha jag’daylar ju’z bergende o’tkerilip, adamlar o’miri ha’m den sawlıg’ın saqlaw, qorshag’an ta’biyiy ortalıqqa tiyetug’ın zıyan ha’m materiallıq shıg’ınlar mug’darın kemeytiwge, sonday – aq ayrıqsha jag’daylar ju’z bergen zonalardı shen’berge alıp, qa’wipli faktorlar

ta'sirin toqtatıwg'a qaratılg'an avariya – qutqarıw jumısları ha'm basqa keshiktirip bolmaytug'ın basqa jumıslar kompleksi.

Xalıqtı ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında qoyılg'an en' tiykarg'ı jumıslardın' biri–da'slep Qorg'anıw ministrligi qasında puqaralıq qorg'anıw ha'm ayrıqsha jag'daylar basqarmasının', son' usı basqarma tiykarında **O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' 1996 jıl 4 marttag'ı PF–1378 Buyrıg'ı** menen Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' du'ziliwi boldı.

Ministrlik is ju'rgize baslag'annan son' xalıqtı ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawının' huqıqıy tiykarın du'ziwshi bir qatar nızam ha'm qararlar qabıl etildi.

***O'zbekstan Respublikası nızamları:***

**Xalıqtı ha'm aymaqlardı ta'biyiy ha'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw haqqında** (1999 jıl 20 avgust) – 5 bo'lim ha'm 27 statyadan ibarat. Nızam xalıqtı ha'm aymaqlardı ta'biyiy ha'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawındag'ı sotsial mu'na'sibetlerdi ta'rtipke saladı ha'm ayrıqsha jag'daylar ju'z beriwi ha'm rawajlanıwının' aldın alıw, ayrıqsha jag'daylar keltiretug'ın shıg'ınlardı azaytıw ha'm ayrıqsha jag'daylardı saplastırıwdı maqset etip qoyadı.

**Puxaralıq qorg'anıw haqqında** (2000 jıl 26 may) – 4 bo'lim ha'm 23 statyadan ibarat. Usı nızam puxaralıq qorg'anıw tarawındag'ı tiykarg'ı wazıypalardı, olardı a'melge asırıwdın' huqıqıy tiykarların, ma'mleket organlarının', birlespe ha'm sho'lkemlerdin' wa'killi'qlerin, O'zbekstan Respubli'qası puxaralarının' huqıqları ha'm ma'jbu'riyatların, sonday – aq puxaralıq qorg'anıw ku'shleri ha'm qralların belgileydi.

**Adamnın' immunitet jetispewshiligi virusı menen keselleniwinin' aldın alıw haqqında** (1999 jıl 19 avgust) – 13 statya. Nızamda AİJS keselliginin' aldın alıw tarawındag'ı ma'mleketli'q ta'miyinlew, keselli'qtin' aldın alıw boyınsha jumıslardı qarjı menen ta'miyinlew, puxaralardın' ha'm ma'jbu'riyatlarına tiyisli ma'seleler ko'rsetilgen.

**Gidrotexnika inshaatlarının’ qa’wipsizligi haqqında** (1999 jıl 20 avgust) – 15 statya. Usı nazımnın’ maqseti gidrotexnika inshaatların joybarlastırıw, qurıw, paydalanıwg’a tapsırıw, olardan paydalanıw, olardı rekonstruktsiya qılıw, tiklew, konservatsiyalaw ha’m tamamlawda qa’wipsizli’qti ta’miyinlew boyınsha iskerligin a’melge asırıwda ju’zege keletug’ın mina’sibetlerdi ta’rtipke salıw bolıp tabıladı.

**Awıl xojalıq o’simliklerin zıyankesler, kesellikler ha’m jabayı ot - sho’plerden qorg’aw haqqında** (2000 jıl 31 avgust) – 28 statya. Usı nazımnın’ maqseti awıl xojalıq o’simli’qlerin zıyankesler, kesellikler ha’m jabayı ot - sho’plerden qorg’awdı ta’miyinlew, o’simliklerdi qorg’aw quralların’ adam den sawlıg’ına, qorshag’an ta’biyiy ortalıqqa zıyanlı ta’sirinin’ aldın alıw menen baylanıslı qatnaslardı ta’rtipke salıwdan ibarat.

**Radiatsiyalıq qa’wipsizlik haqqında** (2000 jıl 31 avgust) – 5 bo’lim ha’m 28 statyadan ibarat. Nızamnın’ maqseti radiatsiyalıq qa’wipsizli’qti, puxaralar o’miri, den sawlıg’ı ha’m mal – mu’lki, sonday – aq, qorshag’an ortalıqtı ionlastırıwshı nurlanıwdın’ zıyanlı ta’sirinen qorg’awdı ta’miyinlew menen baylanıslı qatnaslardı ta’rtipke salıwdan ibarat.

**Terrorizmge qarsı gu’res haqqında** (2000 jıl 15 dekabr) – 6 bo’lim ha’m 31 statyadan ibarat. Usı nızamnın’ maqseti terrorizmge qarsı gu’res tarawındag’ı qatnaslardı ta’rtipke salıwdan ibarat. Nızamnın’ tiykarg’ı wazıypaları shaxs, ja’miyet ha’m ma’mlekettin’ suverenitetin ha’m aymaqlıq pu’tinligin qorg’aw puxaralar tınıshlıg’ı ha’m milliy tatıwlıqtı saqlawdan ibarat.

**Qa’wipli islep shıg’arıw obektlerinin’ sanaat qa’wipsizligi haqqında** (2006 jıl 28 sentyabr) – 23 statya. Nızamnın’ maqseti qa’wipli islep shıg’arıw obektlarinin’ sanaat qa’wipsizligi tarawındag’ı qa’tnaslardı ta’rtipke salıwdan ibarat.

***O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ qararı:***

**Tasqınlar, sel ag’ımları, qar ko’shiw ha’m jer ko’shkisi ha’diyseleri menen baylanıslı ayrıqsha jag’daylardın’ aldın alıw ha’m olardın’ aqıbetlerin toqtatıw barısındag’ı – ilajlar haqqında** (2007 jıl 19 fevral, PQ – 585 – sanlı).

Tasqınlar, sel ag'ımları, qar ko'shiw ha'm jer ko'shki ha'diyseleri menen baylanıslı jumıslardı o'z waqtında ha'm na'tiyjeli sho'lkemlestiriw, sonday – aq olardın' aqıbetlerin tezli'q penen toqtatıw maqsetinde qabıl etilgen.

***O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin' qararları:***

**O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' jumısın sho'lkemlestiriw ma'seleleri haqqında** (1996 jıl 11 aprel, 143 – sanlı). Qararg'a «O'zbekstan Respubli'qası Ayrıqsha jag'daylar haqqında»g'ı Nızam qosımsha etilgen. Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' tiykarg'ı wazıypaları, huqıqları keltirilgen.

**O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylarda olardın' aldın alıw ha'm ha'reket etiw ma'mleketlik siteması haqqında** (1997 jıl 23 dekabr, 558 - sanlı). Qarar menen O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylarda olardın' aldın alıw ha'm ha'reket etiw ma'mleketlik sisteması (AJMS) haqqındag'ı Nızam ha'm onın' du'zilisi tastıyıqlang'an, ministrlik ha'm idaralardın' xalıq ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw boyınsha funktsiyaları keltirilgen.

**O'zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag'daylardan qorg'awg'a tayarlaw ta'rtibi haqqında** (1998 jıl 7 oktyabr 427 – sanlı). Qarar ma'mleket xalqın ha'm aymaqların ta'biyiy ha'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw sistemasın rawajlandırıw maqsetinde qabıl etilgen. Qararg'a qosımsha keltirilgen «Xalıqtı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında tayarlaw ta'rtibi haqqında»g'ı Nızam O'zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında, sonday – aq ayrıqsha jag'daylarda ha'reket etiwge tayarlıqtan o'tip atırg'an xalıq toparların tayarlawdın' tiykarg'ı wazıypaların, tu'rleri ha'm usılların belgileydi.

**Ta'biyiy, texnogen ha'm ekologiyalıq qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardın' sıpatlaması haqqında** (1998 jıl 27 oktyabr, 455 – sanlı). Qarar menen tastıyıqlang'an sıpatlamag'a muwapıq ayrıqsha jag'daylar ju'zege keliw sebeplerine ko're texnogen, ta'biyiy ha'm ekologiyalıq qa'siyetli, usı jag'daylarda zıyan kergen adamlar sanına, materiallıq zıyanlar mug'darına ha'm ko'lemlerine qarap lokal, jergili'qli, respubli'qa ha'm transsshegaralı tu'rlerge bo'linedi.

**O’zbekstan Respublikasında adamlar ha’m haywanlardın’ qutırıw keselligine qarsı gu’resti ku’sheytiw ilajları haqqında** (1996 jıl 18 yanvar, 32 – sanlı). Adamlar ha’m haywanlardın’ qutırıw keselligine qarsı gu’res ilajlarının’ na’tiyjeligin asırıw, sonday – aq xalıq jasaw orınlarında iyt, pıshıq ha’m basqa u’y haywanların ta’rtipke salıw maqsetinde qabıl etilgen.

**G’alaba xalıqlıq ilajlardı o’tkeriw qag’ıydaların tastıyıqlaw haqqında** (2003 jıl 13 yanvar, 15 – sanlı). O’zbekstan Respubli’qası aymag’ında g’alaba xalıqlıq ilajlar o’tkeriliwi waqtında ja’ma’a’t qa’wipsizligin ta’miyinlew ha’m ta’rtibin qorg’aw maqsetinde qabıl etilgen.

**Ayrıqsha jag’daylardı boljaw ha’m aldın alıw Ma’mleket da’stu’rin tastıyıqlaw haqqında** (2007 jıl 3 aprel, 71 – sanlı). Ayrıqsha jag’daylardın’ aldın alıw ha’m aqıbetlerin saplastırıw tarawında alıp barılıp atırg’an jumıslar o’nimliligin asırıw maqsetinde qabıl etilgen.

Joqarıda ko’rsetilgen huqıqıy hu’jjetler tiykarında oqıw protsessinde talabalarg’a “O’mir qa’wipsizligi” pa’ninin’ barlıq bag’darları boyınsha ken’ ma’niste tu’sinikler berildi.

## PAYDALANILG’AN A’DEBIYATLAR

1. «O’zbekistan g’arezsizlik astanasinda» I.A.Karimov Toshkent 2002.
2. O’zbekiston Respublikasining «Tabiatni muhofaza qilish tug’risida» gi Qonuni. Toshkent, 1992.
3. O’zbekiston Respublikasining «Hayvonat dunyosini muhofaza qilish va foydalanish tug’risida» gi Qonuni. Toshkent, 1997.
4. O’zbekiston Respublikasining «O’simlik dunyosini muhofaza qilish va foydalanish tug’risida» gi Qonuni. Toshkent, 1997.
5. O’zbekiston Respublikasining «O’rmon tug’risida» gi Qonuni. Toshkent, 1999.
6. O’zbekiston Respublikasining «Muhofaza qilinadigan tabiiy hudud-lar tug’risida» gi Qonuni. Toshkent, 2004.
7. O’zbekiston Respublikasining Qizil kitobi. Toshkent, 2006, 2009.
8. Biologik xilma-xilli’qni saqlash. O’zbekiston Respublikasi milliy strategiya va harakat rejasi. Toshkent, 1998.
9. Zaxidov T.Z., Meklenburtsev R.N. Priroda i jivotnıy mir Sredney Aziy. T.1. Tashkent, 1969.
10. Meklenburtsev R.,Sagitov A., Kashkarov D., Mitropolskiy O.V.i.dr. Ptitsı Uzbekistana. Tom 1,2,3. Tashkent 1987, 1990, 1995.
11. Erejepov S. E. Flora Karakalpakii, ee xozyaystvennaya xarakteristika, ispolzovanie i oxrana. - Tashkent: Fan, 1978. – 300 s.
12. Ametov M. Ptitsı Karakalpakii i ix oxrana. Nukus, 1981.
13. Bekbergenova Z., Asenov G’., Jumanov M. h.b. Qaraqalpaqstannın’ haywanat du’nyası. Tashkent, 2008.
14. www. uzspb.uz–O’zbekiston qushlarini muhofaza qilish jamiyati sayti.
15. www.uznature.uz–O’zbekiston Respublikasi tabiatni muhofaza qilish davlat qwmitasi sayti.
16. www.eso.uz–O’zbekiston ekologik harakati sayti.
17. www.biodiv.org–Biologik xilma-xillik buyicha sayt.